WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’
HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

MAGISTRATURA BO’LIMI

Qol jazba huqi’qi’nda

QARAQALPAQ A’DEBİYAT TARİYXI’ HA’M FOLKLORI’
KAFEDRASI’

**Aymuratova Gu’lzada**

# **«Ku’nxoja lirikasi’nda ko’rkemlew quralları’ ha’m usi’llari’»** temasi’ndag’i’ magistrlik dissertaciya

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

Magistratura bo’limi basli’g’i’: yu.i.k.doc. A.Gulimov

Kafedra basli’g’i’: f.i.k. J.Nizamatdinov

Ilimiy basshi’: f.i.k. P. Allambergenova

**No’kis – 2012**

# MAZMUNI':

**Kirisiw ……………………………………………………3-9**

**I Bap. Ko'rkemlew qurallari' ha'm usi'llari'na teoriyali'q si'patlama.**

1.1. Ko'rkem su'wretlew qurallari' haqqi'nda ……………..10-16

1.2. Ko'rkem suwretlew usi'llari'…………………………...17-23

**II bap. Ku'nxoja shi'g'armalari'nda ko'rkemlew qurallari'ni'n' mazmundi' bayi'ti'wdag'i' a'hmiyeti.**

2.1. Shayi'r lirikalari'nda troplar …………………………24-40

2.2. Ku'nxoja lirikalari'nda epitet ha'm ten'ewlerdin' qollani'li'w wo'zgeshelikleri. ……………………………………………41-53

**III bap. Ku'nxoja shi'g'armalari'nda ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' mazmun ha'm formani' sho'lkemlestiriwdegi a'hmiyeti.**

3.1. Ku'nxoja lirikalari'nda parallelizm ha'm gradaciyalardi'n' qollani'li'wi' …………………………………………………54-66

3.2. Ku'nxoja lirikalari'nda mazmundi' teren'lestiriwde antiteza ha'm inversiyani'n' a'hmiyeti. ……………………………67-75

**Juwmaq** …………………………………………………76-78

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar** ……………………………...79-81

# Kirisiw

Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde a'debiyati'mi'z tariyxi' bir qatar u'yrenilse de yele de di'qqat bo'letug'i'n ta'repleri bar. Solardi'n' ishinde bir neshe ji'llardan beri izertlewden shette qali'p kiyati'rg'an, yaki ha'zirgi qaraqalpaq a'debiyati' ilimi jetiskenliklerinen kelip shi'g'i'p u'yreniwdi talap yetetug'i'n ma'seleler barshi'li'q. Atap aytqanda XIX a'sir klassik shayi'rlari'mi'zdan Ku'nxoja İbrayi'm uli'ni'n' do'retiwshiligi. Shayi'r boyi'nsha a'debiy miyras si'pati'nda u'yrenilgen miynetlerden basqa izertlew joqti'n' qasi'nda. Bul da'wirdin' basqa wa'killeri Ku'nxoja shayi'rdi'n' zamanlaslari' Berdaq G'arg'abay uli', A'jiniyaz Qosi'bay uli', Wo'tesh Alshi'nbay uli' do'retiwshiligi belgili da'rejede son'g'i' ilim jan'ali'qlari' negizinde u'yrenilip ati'r. Mi'sali', Berdaq shayi'rdi'n' yubileylerine arnali'p woni'n' do'retiwshiligi tek a'debiyat ko'z qarasi'nan yemes, al filosofiyali'q, lingvistikali'q, pedagogikali'q aspektlerde u'yrenilmekte. Al, A'jiniyaz lirikasi' teren'irek tu'rde u'yrenildi. Bul bag'darda ilimpaz B.Genjemuratovti'n' «A'jiniyaz lirikasi'ni'n' poetikasi'» No'kis, 1997-ji'l miynetin atap wo'tiwimizge boladi'. Sonday-aq, Wo'tesh shayi'r do'retiwshiligi boyi'nsha da a'debiyatshi' S.Ma'tekeevti'n' «Wo'teshtin' shayi'rli'q sheberligi» (No'kis, 2009) jumi'si' belgili. Usi' ta'repten ali'p qaraytug'i'n bolsaq, a'debiyat ilimi jetiskenlikleri, teoriyali'q tabi'slari' negizinde Ku'nxoja do'retiwshiligin u'yrenetug'i'n waqi't keldi. Sebebi, shayi'r Berdaq, A'jiniyazlar menen birge XIX a'sir jazba a'debiyati'n baslawshi'lardan biri. Ku'nxoja İbrayi'm uli' lirikasi'n u'yreniw arqali' qaraqalpaq a'debiyat tariyxi'n jan'asha bag'darda u'yreniwde bir qa'dem alg'a basami'z. Prezidentimiz İ.A.Karimov: «Birinshi na'wbette ma'deniyati'mi'z xali'q ruwxi'y bayli'g'i'ni'n' janrlari'na itibar beriw za'ru'r»[1] degenindey qaraqalpaq klassik a'debiyati'ni'n' bay u'lgileri shayi'r shi'g'armalari'nda ken' wori'n alg'an. Sonli'qtan, shayi'r poeziyasi'nda qollani'lg'an ko'rkem su'wretlew qurallari' ha'm ko'rkem su'wretlew usi'llari' wo'z aldi'na bir du'nya yesaplanadi'. Ko'rkem su'wretlew qurallari' ha'r bir shayi'rdi'n' wo'zine ta'n stillik wo'zgesheligin bildirip, woni'n' so'z saplaw sheberligin, basqalardan parqi'n an'lati'wshi' birden-bir wo'zgeshelik boli'p tabi'ladi'. Al, ko'rkem su'wretlew usi'llari' bolsa shi'g'arma tekstine ha'm shi'g'arma mazmuni'na ten'dey ta'sir yetiwshi usi'llardan. Sonli'qtan wolardi' u'yreniw arqali' ha'r bir shayi'rdi'n' qosi'q jazi'wdag'i' poetikali'q sheberligin an'lawi'mi'zg'a boladi'. Biz bul jumi'si'mi'zda Ku'nxoja shayi'rdi'n' poeziyasi'ndag'i' ko'rkem su'wretlew qurallari' ha'm ko'rkem su'wretlew usi'llari' ma'selesin u'yreniwdi maqset yettik.

[1] Каримов И.А. Жоқары мәнаўият жеңилмес күш. Ташкент, «Маънавият», 2008-ж. 78-б.

Temani'n' izertleniw tariyxi'. Ku'nxoja shayi'rdi'n' poeziyasi'ndag'i' ko'rkem su'wretlew qurallari' yamasa ko'rkem su'wretlew usi'llari' ma'selesi usi' waqi'tqa shekem izertlewden shette qali'p kiyati'rg'an ti'n' temalardan biri. Biraq shayi'r do'retiwshiligi boyi'nsha tikkeley shug'i'llang'an B.İsmaylov[1] izertlewinen ti'sqari' ayri'm miynetlerde uli'wma ayti'lg'an, wol geypara maqalalarda so'z yetilgenin ayta alami'z. Ku'nxoja shi'g'armalari'n birinshi ret ilimiy bag'darda izertlegenler N.Da'wqaraev, Q.Ayi'mbetov, O.Kojurovlar boldi'. Ku'nxoja shi'g'armalari' haqqi'ndag'i' yen' birinshi maqalani' N.Da'wqaraev jazdi'. Wol 1939-ji'li' qaraqalpaq jazi'wshi'lari'ni'n' yekinshi sezdinde bayanat jasap Ku'nxoja realist shayi'r, haqi'yqat, xali'q ji'rshi'si', xali'q woy-pikirlerin sa'wlelendiriwshi shayi'r yekenligin da'liylleydi. Bul bayanat «Qaraqalpaq poeziyasi'» degen at penen «Drujba narodov» almanax jurnali'nda 1939-ji'li' Moskvada basi'ladi'. Bunnan keyin Q.Ayi'mbetov penen O.Kojurovlar «Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' tu'rleri» degen maqalasi'n jazdi'. Bul «Qaraqalpaq a'debiyati' ha'm iskusstvosi'» degen jurnalda 1940-ji'li' «2-sani'nda basi'ladi'.

Ku'nxoja tvorchestvosi' boyi'nsha belgili tariyxshi' S.P.Tolstov, Worta Aziya xali'qlar a'debiyati', ma'deniyati' boyi'nsha ko'p jumi's islegen E.Bertels, L.Klimovich, Azerbayjan ali'mi' Yu.Arasli', Wo'zbekstan İlimler Akademiyasi'ni'n' akademigi M.T.Aybek, qazaq ali'mi' B.Kenjebaevlar wog'ada a'hmiyetli pikirlerin aytti'. 1960-ji'li' Ku'nxojani'n' qayti's bolg'ani'na 80 ji'l toli'w merekesi baspaso'z ju'zinde belgilenedi. İzertlewshi B.İsmaylov Ku'nxoja do'retiwshiligi boyi'nsha ken' tu'rde ilimiy izertlew jumi'slari'n ali'p bari'p, bir qansha mag'li'wmatlardi' topladi'. Usi' negizde wol «Ku'nxojni'n' wo'miri ha'm tvorchestvosi'» degen monografiyani' izertlew jumi'si'n kitap yetip 1961-ji'li' shi'g'ardi'. Bul tema do'gereginde ken' tu'rde jumi'slari'n ali'p bari'p B.İsmaylov 1965-ji'li' kandidatli'q dissertaciyasi'n qorg'adi'. Woni'n' monografiyasi'nda «Kirisiw», «Ku'nxoja qaraqalpaq klassik poeziyasi'ni'n' ko'rnekli wa'kili», Ku'nxoja tvorchestvosi'n izertlewdin' ha'zirgi jag'dayi'», «Ku'nxojani'n' wo'miri haqqi'nda mag'li'wmatlar», «Ku'nxoja jasag'an da'wirdin' tariyxi'y a'debiy xarakteristikasi'», «Juwmaq» degen baplardan ken' tu'rde ilimiy izertlew ju'rgizgen.

Ku'nxoja shi'g'armalari' boyi'nsha N.Japaqov wo'zinin' «Revolyuciyag'a shekemgi qaraqalpaq a'debiyati'nda realizm ma'selesi» degen (No'kis, 1972) miynetinde «Realistlik shi'g'arma xali'qqa xi'zmet yetedi» ilimiy maqalasi'n jazadi'. (II tomli'q, I kitap, N., 1972, 18-87-b).

[1] Исмайлов Б. Күнхожаның өмири ҳәм творчествасы. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1961.

Bunda Ku'nxojani' ulli' shayi'r yekenligi, turmi's haqi'yqatli'qlari' realistlik su'wretlew wo'zgeshelikleri sheberligi jo'ninde bahali' pikirler beriledi.

Belgili a'debiyatshi', akademik H,Hamidov «Shi'g'i's tillerindegi jazba da'rekler» miynetinde «Ku'nxojani'n' do'retiwshiliginde jazba da'reklerdin' tutqan worni'n» jazadi'. (No'kis, «Bilim», 1991, 118-145-b) f.i.d. K.Quranbaev «Kewil kewilden suw isher» miynetinde a'debiy baylani'slar bag'dari'nda (No'kis, 1991). Pedagogika ilimleri doktori', professor Wo'.A'lewov «Qaraqalpaqstanda ta'lim-ta'rbiyali'q woylardi'n' qa'liplesiwi ha'm rawajlani'wi'» monografiyasi'nda (N., «Bilim», 1993, 301-321-b). Ku'nxoja ag'arti'wshi'li'q ko'zqaraslari' haqqi'nda ilimiy pikirlerdi aytadi'. Universitetke arnalg'an «Qaraqalpaq a'debiyati' tariyxi'» sabaqli'g'i'nda Q.Sultanovti'n' Ku'nxoja haqqi'nda bir qansha ilimiy pikirleri wori'n alg'an. Son'g'i' waqi'tlari' K.Ma'mbetovti'n', Q.Maqsetovti'n' pikirleri baspaso'zde jari'q ko'rdi. 1989-ji'li' Ku'nxojani'n' «Yel menen» degen qosi'qlar tan'lamali' shi'g'armalari' negizinde shi'g'i'p, wog'an 46 qosi'g'i' kirgizilgen. Buri'ng'i' jazi'lg'an miynetlerdin' ko'pshiligine kritikali'q ko'zqarasta qarap paydalani'wi'mi'z tiyis. Mi'sali': professor, Q.Maqsetov «Umi'tpaspan» qosi'g'i'n Ku'nxoja jazbag'an degen pikir aytadi'. Ja'ne de son'g'i' da'wirlerde XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyati' boyi'nsha filologiya ilimlerinin' doktori', professor Q.Ja'rimbetovti'n' «XIX a'sir qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetleri ha'm rawajlani'w tariyxi' (No'kis, 2004), Q.Turdi'baevti'n' «Didaktikali'q shi'g'armalar-ruwxi'y bayli'g'i'mi'z» (No'kis, 2009) miynetlerinde de Ku'nxoja do'retpelerinin' ayi'ri'm ta'repleri so'z yetiledi. Sonday-aq 2009-ji'l QMU Qaraqalpaq a'debiyati' kafedrasi' ta'repinen Ku'nxojani'n' 210-ji'lli'q merekesine arnali'p ilimiy teoriyali'q konferenciya wo'tkerilip bir qatar izertlewshiler bayanatlar jasaydi'. Wolardan filologiya ilimlerinin' kandidati' P.Allambergenova «Ku'nxoja poeziyasi'nda Maqti'mquli' da'stu'rleri» (ideya, tematika, problematika) izleniwshi G.Toqi'mbetovani'n' «Berdaq do'retiwshiliginde Ku'nxoja da'stu'rleri», izleniwshi T.Kerwenovti'n' «Ku'nxojani'n' do'retiwshiliginde mifologiyali'q elementlerdin' qolllani'li'wi'» QMU Xabarshi'si', No'kis, 2009 №4(5) maqalalari' jari'q ko'rdi. Demek shayi'r do'retiwshiligi bu'gingi a'debiyat iliminde u'yrenilmekte.

**Jumi'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypalari'**

Shayi'r Ku'nxoja lirikalari'nda ko'rkem su'wretlew quarallari' ha'm ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' qollani'w wo'zgesheliklerin u'yreniw dissertaciyali'q jumi'sti'n' tiykarg'i' maqseti boli'p yesaplanadi'. Usi' maqsetke yerisiwde to'mendegi wazi'ypalardi' wori'nlaw a'hmiyetke iye.

- Ku'nxoja İbrayi'm uli' lirikasi'ni'n' poetikasi'n u'yreniwde ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' qollani'w wo'zgesheliklerin u'yreniw;

- Ko'rkem su'wretlew qurallari' haqqi'nda teoriyali'q pikirlerge qatnas bildiriw;

- Ku'nxoja do'retiwshiliginde qollani'lg'an ko'rkem su'wretlew qurallari'n ani'qlaw ha'm shayi'r sheberligin u'yreniwdegi a'hmiyetin u'yreniw;

- ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' ko'rkem su'wretlew qurallari'nan ayi'rmashi'li'g'i'n ani'qlaw ha'm ko'rkem suwretlew usi'llari' haqqi'nda teoriyali'q pikirlerge qatnas bildiriw;

- Ku'nxoja do'retiwshiliginde qollani'lg'an ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' qollani'w wo'zgesheligin ani'qlaw;

- parallelizm, inversiya, antitezalardi'n' qosi'qti'n' mazmun ha'm qosi'qti'n' formasi'na ta'siri ma'selesin u'yreniw ha'm usi' arqali' shayi'rdi'n' sheberligin da'lillew.

**İlimiy jan'ali'g'i'**. Magistrlik dissertaciyami'zdi'n' ilimiy jan'ali'g'i' sonda, Ku'nxoja poeziyasi'nda ko'rkem su'wretlew qurallari' ha'm ko'rkem su'wretlew usi'llari' dissertaciya jumi'si'nda birinshi ma'rtebe ken' tu'rde u'yrenilip ati'r. Bul boyi'nsha ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' ayi'ri'mlari'na qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde yele qollani'lmag'an klassifikaciya ha'reket yetip islewge, sonday-aq, antiteza usi'li'ni'n' tek formag'a yemes, al mazmung'a ta'siri ma'selesin jan'ali'q si'pati'nda ken'irek u'yrenildi. Ko'rkem su'wretlew qurallari'nan metafora, lirikali'q shi'g'armani'n' tiykari'n quraytug'i'n wo'zek bolatug'i'ni'na ha'm shayi'rdi'n' stillik wo'zgesheligin ashi'wg'a ja'rdem beretug'i'ni'n da'liyllewge umti'ldi'q.

**İzertlewdin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Magistrlik dissertaciya jumi'si'mi'zdi'n' ilimiy teoriyali'q juwmaqlari'nan ha'm ilimiy izertlew bari'si'nda ali'ng'an analiz na'tiyjelerinen a'debiyatshi' woqi'wshi'lar qollanba du'zgende paydalani'wi', joqari' woqi'w wori'nlari' studentleri ha'm akademiyali'q licey woqi'ti'wshi'lar qollanba si'pati'nda paydalani'wi'na boladi'.

**İzertlewdin' obekti ha'm predmeti**. Dissertaciya ushi'n shayi'r Ku'nxojani'n' poeziyali'q toplami' «Yel menen» (1989), «Qosi'qlar» (1960). Sonday-aq, «A'miwda'rya» jurnali'nda ja'riyalang'an ayi'ri'm qosi'qlari' «Xali'q bati'rlari'» toplami'ndag'i' ayi'ri'm shi'g'armalari' izertlewdin' obekti yetip ali'ndi'.

İzertlew jumi'si'ni'n' predmeti si'pati'nda A.Kvyatkovskiy, İ.Sultan, Z.Qabdolov, T.Boboev, N.Da'wqaraev, B.İsmaylov, S.Axmetov, Q.Muratbaev, Q.Worazi'mbetov, B.Genjemuratov, A.Dosi'mbetova ha'm tag'i' da basqa ilimpazlardi'n' ilimiy miynetlerin, «Literaturni'y enciklopedicheskiy slovar», «Slovar inostranni'x slov», «A'debiyattani'w

atamalari’ni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi» si’yaqli’ so’zliklerdi basshi’li’qqa aldi’q.

**Jumi’sti’n’ metodologiyali’q tiykarlari’ ha’m metodlari’**. Jumi’sti’ u’yreniw bari’si’nda prezidentimiz İ.A.Karimovti’n’ ruwxi’yli’q ha’m ag’arti’wshi’li’qqa baylani’sli’ miynetleri, sonday-aq, rus ha’m tu’rkiy xali’qlari’ ali’mlari’ni’n’ teoriyali’q pikirleri bayan yetilgen miynetleri metodologiyali’q tiykar boldi’. İzertlewdin’ metodlari’ si’pati’nda sali’sti’rmali’ tariyxi’y metod, analiz ha’m sintez metodlari’ qollani’ldi’.

**Jumi’sti’n’ oprobaciyasi’**

Jumi’s Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ ha’m folklori’ kafedrasi’nda wori’nlandi’. Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ mazmuni’ boyi’nsha yeki maqala ja’riyalandi’.

1. «Ku’nxoja lirikalari’nda metaforalardan paydalani’w wo’zgeshelikleri» QMU Magistrantlardi’n’ ilimiy-miynetleri toplami’. 108-bet.

2. «Ku’nxoja shi’g’armalari’nda ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ qollani’li’wi’». «Ustaz joli’» gazetasi’, 7-iyun №26 (727), 5-bet.

**Dissertaciya du’zilisi**. Jumi’s kirisiw ha’m juwmaqtan ti’sqari’ u’sh baptan ibarat.

Birinshi bap «Ko’rkemlew qurallari’ ha’m usi’llari’na teoriyali’q si’patlama», Yekinshi bap «Ku’nxoja shi’g’armalari’nda ko’rkemlew qurallari’ni’n’ mazmundi’ bayi’ti’wdag’i’ a’hmiyeti». U’shinshi bap «Ku’nxoja shi’g’armalari’nda ko’rkemlew usi’llari’ni’n’ mazmun ha’m formasi’n sho’lkemlestiriwdegi a’hmiyeti» juwmaq, paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

## I bap. Ko’rkemlew qurallari’ ha’m ko’rkem su’wretlew usi’llari’na teoriyali’q si’patlama

Shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’n izertlew ha’m u’yreniw 30-ji’lardan baslandi’. Birinshi ma’rtebe ja’riyalang’an Ku’nxojani’n’ «Ku’n qayda» shi’g’armasi’ 1938-ji’li’ To’rtku’lden shi’qqan «A’debiy al manax»ta basi’p shi’g’ari’ldi’. Usi’ jurnalda «Tu’ye yekensen’» qosi’g’i’ basi’li’p shi’qti’. 1940-ji’li’ «Qaraqalpaq xali’q tvorchestvosi’» degen toplamda Ku’nxojani’n’ «Jaylawi’m», «Umi’tpaspan», «Yel menen» ha’m tag’i’ da basqa qosi’qlari’ rus tiline awdari’ladi’. «Yel menen» shi’g’armasi’ «Xali’q bati’rlari’» degen toplamda uri’s ji’llari’ ja’riyalanadi’.

Shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’n birinshi ma’rtebe 1949-ji’li’ Qaraqalpaq ma’mleket baspasi’ ta’repinen «tan’lawli’ qosi’qlar» toplami’ wo’z aldi’na, al, 1960-ji’li’ ja’ne de toplamda toli’g’i’raq boli’p basi’li’p shi’qti’. Ku’nxoja do’retiwshiligi boyi’nsha a’debiyatshi’ B.İsmaylovti’n’ «Ku’nxojani’n’ wo’miri ha’m tvorchestvosi’» degen miynetin ayri’qsha atap wo’tiwge boladi’. Wonda Berdaq ha’m Ku’nxoja shi’g’armalari’ndag’i’ geypara qari’m-qatnas ha’m shatasli’qlar tuwrali’ da’liyllengen bahali’ pikirler ayti’lg’an.

1956-ji’li’ birinshi ma’rtebe Qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ antologiyasi’ shi’g’i’p, bunda Ku’nxojani’n’ «Jaylawi’m», «Yel menen», «Woraqshi’lar», «Tu’ye yekensen’», «Aq qami’s», «Nege kerek», «Ne boldi’m» qosi’qlari’ ja’riyalang’an. 1959-ji’li’ bul toplam wo’zbek tilinde poeziyali’q antologiyasi’ boli’p basi’ladi’. Sonda birinshi ret Ku’nxoja shi’g’armalari’ wo’zbek tiline awdari’ladi’. Ku’nxoja shi’g’armalari’ni’n’ yen’ a’hmiyetli ta’repi sonda wol wo’zi jasag’an da’wirdegi xali’q turmi’si’n, qaraqalpaqlardi’n’ social-ekonomikali’q jag’daylari’n, siyasiy turmi’sti’ teren’ lirizm menen, satirali’q, didaktikali’q, filosofiyali’q bag’darda su’wretlewdi sa’wlelendiredi.

Sonli’qtan woni’n’ shi’g’armalari’n realizm metodi’ni’n’ ayri’qsha u’lgisi si’pati’nda bahalasaq boladi’. Soni’n’ menen birge wol wo’z zamani’ndag’i’ qi’yi’n ha’m ashi’narli’ xali’q turmi’si’n ashi’qtan-ashi’q bayanlamastan, woni’ ko’rkemlep, astarlap, allegoriyali’ usi’lda beriwge ha’reket yetedi. Shayi’rdi’n’ «Jaw torg’ay», «Azi’wli’», «Sazan-aw», «Aq qami’s» qosi’qlari’nda sa’wlelengen. Demek, shayi’r do’retiwshiliginin’ bul wo’zgesheliklerin ani’qlawda ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m usi’llari’ni’n’ qollani’w wo’zgesheliklerin u’yreniw za’ru’r. Bunnan aldi’n biz wolardi’n’ teoriyali’q wo’zgesheliklerine arnawli’ toqtap wo’tpekshimiz.

### 1.1. Ko’rkem su’wretlew qurallari’ haqqi’nda

Poeziya tili – quramali’, ko’p qi’rli’, ji’lwali’, wo’zine ta’n so’z. Poeziya tilin bilmey turi’p lirikani’ da, poeziyani’ da puxta u’yrenip bolmaydi’. Sonli’qtan shi’g’arma tilin, a’sirese ko’rkemlew qurallari’ ha’m su’wretlew usi’llari’n u’yreniw sol shi’g’armani’n’ poetikasi’n ha’r ta’repleme u’yreniwde a’hmiyetke iye.

So’zdin’ awi’spali’ ma’nileri a’debiyattani’w iliminde «ko’rkem su’wretlew qurallari’», troplar dep ju’rgiziledi. Bizge belgili ko’rkem wo’nerdin’ ha’r qanday tu’ri, soni’n’ ishinde ko’rkem a’debiyat originalli’qti’ ha’m ra’n’ba’-ra’n’likti su’yedi. Ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ qollani’li’wi’ a’debiy tilin shireli, tarti’mli’ yetiwge a’keledi.

A’lbette, shayi’rlar wo’z shi’g’armalari’nda teren’ filosofiyali’q til ha’m joqari’ logikali’q ku’shi menen, basqa birewi kewildi qi’ti’qlawshi’ jumsaq lirizm menen, ja’ne

birewi so’z ga’wxarlari’n poeziya jibine shi’rayli’ yetip du’ziwi menen, ja’ne biri wo’z qosi’qlari’ni’n’ qosi’qtay tegis, muzi’kali’li’g’i’ menen ha’m ja’ne biri bolsa ko’rkem su’wretlew qurallari’nan sheber paydalani’p obrazli’ ko’rinisler si’zi’w menen woqi’wshi’ qa’lbine kirip baradi’. Ko’rkem su’wretlew qurallari’n belgili maqsetke xi’zmet yettiriw - so’z wo’neri ustalari’nan wo’zine ta’n sheberlikti talap yetedi.

«Ko’rkem su’wretlew qurallari’ shi’g’armani’n’ poetikali’q bezewi boli’p qalmastan, shi’g’arma ideyasi’n konkretlestiriwdin’ realistlik qurali’ da boli’p yesaplanadi’».[1]

Shi’g’armag’a turmi’sti’n’ haqi’yqi’y sa’wleleniwi xarakterlerdin’ tipikligi, do’retiwshi analiz yetken estetikali’q idealdi’n’ a’hmiyetliligi shi’g’armani’n’ xali’qshi’lli’g’i’, jazi’wshi’ni’n’ forma ha’m mazmun birligine yerisiwdegi sheberligi. Shi’g’armani’n’ ag’arti’wshi’li’q ha’m estetikali’q ta’rbiyasi’ni’n’ ta’sirshen’ ku’shli boli’wi’ - ko’rkem su’wretlew qurallari’na sheberlik penen islete biliw wo’nerine de baylani’sli’

A’debiy shi’g’armada so’z hasi’l yaki ko’shpe ma’nide qollani’ladi’. Yeger shi’g’arma tilinde so’z tiykarg’i’ ma’nide yemes, ba’lkim ko’shpe ma’nide qollani’lg’an bolsa da, wol arnawli’ ko’rkem su’wretlew qurali’ boli’p yesaplanadi’.

Uli’wma, shi’g’armadag’i’ barli’q so’zler de su’wretlew qurali’, biraq, awi’spali’ ma’ni an’latqanlari’ ayri’qsha a’hmiyetke iye boladi’. Wolar ko’rkem su’wretlew qurallari’ si’pati’nda u’yreniledi.

So’zdin’ tuwra ha’m awi’spali’ ma’nisi ortasi’ndag’i’ parqi’n an’law ushi’n kontekstke mu’ra’ja’t yetiw kerek boladi’.

Metafora (grek metarhora - ko’shiriw) - ko’p qollani’latug’i’n awi’spali’ qurali’. «Metafora yaki predmet yaki ha’diyse (uqsati’li’p ati’rg’an ha’m uqsap ati’rg’an) wortasi’ndag’i’ uqsasli’qqa tiykarlanadi’». Uqsati’li’p ati’rg’an na’rsege uqsap ati’rg’an na’rsenin’ wo’zgeshelikleri, si’pati’, belgileri ko’shirip wo’tkeriledi».[2]

Metaforalar ta’biyat ko’rinislerin si’zi’wda da ju’da’ a’hmiyetke iye.

Mi’sali’:

Jadi’rap jazi’ bolmasa,
Shuaqli’ kogal qi’lmasa
Wo’z waqti’nda jawmasa,
Qara jamg’i’r nege kerek?[3].

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, 321-бет.
[2] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002. 328-329-бет.
[3] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис, 1960, 95-б.

Metaforalardi’n’ bunday ta’biyat ko’rinislerin su’wretlewde insani’y tuyg’i’lardi’ wo’zine ko’shirip su’wretlewi bul su’wretlew qurali’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerinin’ biri si’pati’nda bahalanadi’. Bunda tan’lang’an sali’sti’ri’w obekti jazdi’n’ «jadi’rawi’» hesh qanday ten’ew elementisiz obrazli’ tu’rde so’zge ko’shiw arqali’ ju’z bergen. metaforalardi’n’ bir neshe ko’rinisleri bar: ashi’q metaforalar, jabi’q metaforalar, epitetli metaforalar h.t.b.

Yeger uqsati’li’p ati’rg’an na’rse tu’sirilip qaldi’ri’li’p, tek uqsap ati’rg’an na’rseler g’ana berilgen bolsa, ashi’q metaforalar payda boladi’.

Aq alti’nni’n’ yemes wo’zbek xalqi’ – tu’sip qalg’an (330).

Yeger tekstte uqsati’li’p ati’rg’an na’rselerdin’ wo’zi g’ana boli’p, uqsag’an na’rse tu’sirilip qaldi’ri’lsa, ayi’ri’m belgilerin uqsati’li’p ati’rg’an na’rsege shaqi’ri’li’p wo’tkerilgen bolsa, (solarsi’z metafora bolmaydi’) – jabi’q metafora payda boladi’. (Sevgi ëzadi qaat-obekt sevgi, nusqa uqsati’lmaqta).

Geyde metaforalarda su’wretlew obekti epitetler ja’rdeminde sa’wleleniwi mu’mkin. Bunday metaforalar epitetli metaforalar dep ataladi’. Yag’ni’y, epitet penen birgelikte so’z dizbegi ko’rinisinde awi’spali’, obrazli’ ma’nige iye bolg’an metaforalar.

Metaforalar wo’z ta’biyati’na go’re ten’ewlerge jaqi’n turadi’. Ten’ew de metaforda yeki predmetti bir-birin sali’sti’ri’w arqali’ su’wretlew obektin obrazli’ ha’m shi’n yetip ashadi’. Sonli’qtan, ayi’ri’m ilimiy miynetlerde metaforalardi’ «jasi’ri’n ten’ewler», «qi’sqa ten’ewler» degen pikirler de ushi’rap turadi’.

Biraq ten’ewler menen metaforalardi’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bar. Ha’r qanday ten’ewde keminde yeki element – uqsati’li’p ati’rg’an na’rse ha’m uqsap ati’rg’an na’rse boli’wi’ sha’rt bolsa, metaforalarda usi’ elementlerdin’ tek birewi boladi’. Bunnan ti’sqari’, ten’ewde ko’binese tuwri’ ma’nisinde qollani’lsa, metaforada awi’spali’ ma’nide qollani’ladi’.

**Epitet** - ko’rkem shi’g’arma tilinde predmet, waqi’ya, ha’diyse, tu’sinik ha’m adamlardi’n’ belgi wo’zgesheliklerin ani’qlaw tu’sindiriw, si’patlaw qurali’. Si’patlawshi’ so’z, ani’qlap ati’rg’an so’z benen birgelikte wo’z «o’zgesheligin» wog’an ko’shirgen halda belgili ha’diysenin’ wol yaki bul ta’replerin ani’qlaydi’. Ha’r qanday ti’n’lawshi’ epitet wazi’ypasi’n wo’tewi mu’mkin. Epitet metafora ha’m metonimiya tiykari’nda da payda boladi’. Sol ma’nide, epitetler metaforali’q ha’m metonimiyali’q epitetlerge aji’raladi’. Epitetlerdin’ metafora ha’m metonimiyadan parqi’ sonda, epitetler ani’qlanatug’i’n so’zler menen birigip kelse, metafora ha’m metonimiyalar g’a’rezsiz ra’wishte su’wretlew si’pati’nda keliwi mu’mkin. Xali’q awi’z yeki do’retiwshiliginde ken’ dala, biypayan sho’l, jap-jasi’l bag’ kibi turaqli’ epitetler ken’ qollani’ladi’.

Epitet yaki ko’rkem ani’qlawi’sh poetikali’q tilde ken’ qollani’ladi’. Jazi’wshi’ shi’g’armada metafora, metonimiya, ten’ewlerden qollani’w yaki qollanbawi’ mu’mkin, biraq, wol a’lbette, epitetlerdi ken’ qollanadi’.

**Simvol** – (grekshe symbolon - sha’rtli belgi) so’zinen ali’ng’an boli’p, su’wretlew obektinin’ mazmuni’ belgili bir ko’zqarastan sha’rtli su’wretleniwshi so’z yaki predmet. Simvollar wo’z ta’biyati’na qaray tu’rlishe boladi’.

Predmetler, haywanlar, quslar, belgili waqi’yalar, ha’reket ha’m predmetlerdin’ belgileri ha’m basqalar simvolistikada u’lken wori’n tutadi’. Mi’sali’: bayraq ha’m gerb - ma’mleketlik simvol, nan-duz-miymandosli’q simvoli’, dosli’q belgisi, tu’n-baxi’tsi’zli’q belgisi, tan’ – jasli’q ha’m kewillilik belgisi, kepter-ti’ni’shli’q belgisi…

Simvollar negizinde qi’yi’n jasi’ri’n ten’ew jatadi’. Wolar turmi’s waqi’ya-ha’diyseleri menen teren’ baylani’sli’. Simvollar ha’r dayi’m ko’rkem wo’nerde u’lken a’hmiyetke iye boli’p kelgen. Filologiya ilimlerinin’ doktori’, Q.Worazi’mbetov simvolli’q obraz do’retiwde forma, predmet, detal tan’lawdi’n’ a’hmiyetinin’ u’lken yekenligin wori’nli’ belgilegenindey, simvollar ko’rkem wo’nerdin’ negizi bolg’an ko’rkem obrazlar ta’biyati’ menen baylani’sli’. Ha’r qanday obrazda sha’rtlilik ha’m simvolika boladi’. Sebebi, obraz ta’biyati’na muwapi’q turmi’sli’q ha’diyseler individual forma arqali’ uli’wmalasti’rar yeken, bul process sha’rtlilik ha’m simvolikasi’z bolmaydi’. Ko’rkem a’debiyatta ten’ew, metafora, epitet, parallelizm belgili da’rejede simvolikali’q wo’zgesheliklerge iye. Ti’msallardag’i’ janlandi’ri’wlar, yerteklerdegi allegoriyali’q wo’zgeshelikler, uli’wma allegoriya - ko’rkem simvolikasi’ni’n’ ko’rinisi.

**Allegoriya** (grekshe alloc-basqasha, agoreo-so’yleymen) simvolikani’n’ bir ko’rinisi waqi’ya-ha’diyse yaki predmettin’ abstrakt tu’sinigi worni’nda qollani’latug’i’n konkret su’wretlewleri sa’wlelendiriwi simvolikali’q so’z (obraz).

Allegoriya shi’g’armalarda turmi’sli’q obrazlardi’n’ konkret belgileri ha’m wo’zgeshelikleri jazi’wshi’ su’wretlemekshi bolg’an awi’spali’ ma’nidegi tu’sinik ha’m ha’diysenin’ tiykarg’i’ wo’zgesheliklerine muwapi’q boladi’. Obrazlardi’n’ astarli’ xarakterde boli’wi’ tiykari’nan ti’msal janri’na ta’n wo’zgeshelik «Haywan qus kibiler g’ana yemes, ha’tte, buyi’mlar, predmetler, ha’diyseler de allegoriyalasi’wi’ mu’mkin.

**Sinekdoxa** – (grekshe synekdoche – birge an’lamaq, qosi’p tu’siniw) – metonimiyani’n’ bir tu’ri. Mug’dari’ jag’i’nan bir predmet belgilerin basqasi’na ko’shiriw usi’li’. Sinekdoxa- tipiklestiriwdin’ a’hmiyetli qurallari’nan biri. Ko’rkem a’debiyatta sinekdoxalardi’n’ to’mendegi tu’rleri ushi’rasadi’:

a) Bo'lek, bo'lim arqali' pu'tkil, pu'tin na'rseni yamasa uli'wma arqali' bo'lekti jekeni su'wretlewshi sinekdoxalar. (ko'kirek su'ti, ana qa'lbi).

b) Ko'plik wori'nda birlik yaki birlik wori'nda ko'plik formalari'n qollani'w arqali' sinekdoxalar jarati'w. (juldi'z-juldi'zlar).

v) Ani'q yemes san worni'nda ani'q san yaki ani'q san worni'nda ani'q yemes san keliwi. (million asarlarni).

**Perifraz** (grekshe peri -a'tirap, phrasis-so'yleymen). So'ylewdin' ko'rkemligin asi'ri'w maqsetinde predmet, adam, waqi'ya-ha'diyseler ati'n, wolardi'n' ma'nilerin, o'zgesheliklerin su'wretlewshi so'z yaki so'z ibralari' menen almasti'ri'w usi'li'. Mi'sali': «bu'rkit» so'zi worni'nda «quslardi'n' patshasi'», «Wo'zbekstan» so'zi worni'na – «aq alti'n» h.t.b.

Perifraz na'rse ha'm ha'diyselerdin' tiykarg'i' ati' menen birge qollanadi'.

«Ko'rkemlew qurallari'ni'n' biri metonimiyalar (greksheden ali'ng'an so'z, ma'nisi-qaytadan at qoyi'w, wo'zgeriw – poetikada ken'nen jayi'lg'an tropti'n' bir tu'ri, wonda so'z yamasa tu'sinigi basqa bir so'z benen qayta atalg'an boladi'».[1]

Metafora menen metonimiya bir-birine ju'da' uqsas. Biraq, metaforani'n' metonimiyadan ayi'rmashi'li'g'i' sonda, wonda (metafora) qanday da bir zatti'n', ha'rekettin', jag'daydi'n' yaki qubi'li'sti'n' belgi ha'm sapasi' basqasi'na ko'shiriledi. Metaforani' tu'siniw arqali' biz mazmun teren'ligine su'n'giymiz, al metonimiyani' biliwimizdin' na'tiyjesinde zatti'n', ha'rekettin', yaki qubi'li'sti'n' qaytadan at alg'ani'n, jan'a atamag'a iye bolg'ani'n ko'remiz.

Metonimiyada qanday da bir na'rse, yaki waqi'ya-ha'diysenin' ati' basqasi'na ko'shiriledi, wol basqa at penen ataladi'. Bul jan'asha ataw wolardi'n' wortasi'ndag'i' jaqi'nli'g'i'na, baylani'sqa tiykarlanadi'.

Rus ilimpazi' F.M.Selivanov «Poetika bi'lin» miynetinde metonimiya ha'm sinekdoxa tuwrali' pikir ju'rite woti'ri'p, wolar zat ya qubi'li'sti'n', belgi yamasa ha'reketlerdin' ishki bolmasa si'rtqi' uqsasli'qlari'ni'n', baylani'slari'ni'n' birinin' yekinshisine wo'tiwi, aralasi'wi' na'tiyjesinde payda boladi'. Sinekdoxa bul aralasi'w san baylani'si' ha'm qatnasi' bag'dari'nda bolsa, metonimiyada sapa baylani'si' ha'm qatnasi' iske asadi'[2],-dep jazadi'.

F.M.Selivanovti'n' pikirin di'qqatqa alar bolsaq, metonimiya, metaforalarg'a jaqi'n tu'sinik boli'p yesaplanadi'.

Ko'rkem shi'g'armalarda metonimiyalardi'n' atqaratug'i'n jumi'si'ni'n', a'hmiyeti wog'ada u'lken. Metonimiyalar ko'rkem woy-pikirdi i'qshamlap beriw ushi'n, al geyde,

---

[1] Квятковский А. Поэтический словарь. –Москва, советская энсиклопедия, 1966, 156-б.
[2] Селиванов Ф.М. Поэтика былин. –Москва, изд. МГУ, 1977, стр 57.

su’wretlenip ati’rg’an zatti’n’, adamni’n’, waqi’yani’n’, yaki ha’diysenin’ boyawlari’ ja’ne de ra’n’-ba’ren’ qubi’li’slari’, ya bolmasa obrazdi’n’ ja’ne de, ku’sheye beriwi ushi’n za’ru’r.

**«Ten’ew** - tropti’n’ a’piwayi’, da’slepki tu’ri boli’p tabi’ladi’, dep jazadi’ L.İ.Timofeev»[1] - bunda yekinshi bir na’rsenin’ belgilerinin’ ja’rdeminde basqa birewinin’ belgilerin ani’qlaw maqsetinde yaki qubi’li’s jaqi’nlasti’ri’ladi’»[2].

«Ten’ew - ku’ta’ a’yyemgi zamanlardan beri xali’qlardi’n’ awi’zeki ha’m jazba a’debiyati’nda isletilip kiyati’rg’an su’wretlew qurali’. Wol xali’qti’n’ ku’ndelikli so’ylew tilinde de ju’da’ jiyi qollani’ladi’. Ko’pshilik shayi’rlar ten’ewdi wo’zi su’wretlep ati’rg’an na’rseni ashi’q sa’wlelendiriw, ha’diyse yaki waqi’yalarg’a bolg’an lirikali’q qaharmanni’n’ mu’na’sibetin bildiriw qurali’ si’pati’nda qollani’ladi’.

Prozali’q yaki poeziyali’q shi’g’armalardi’ woqi’p woti’ri’p, woni’n’ izindegi ko’rkemlew qurali’ ten’ewdi tawi’p ali’w an’sat bolsa da, wolar tuwrali’ ashi’q milliy si’pattag’i’ pikirlerdi ayti’w biraz qi’yi’nshi’li’q tuwdi’radi’. Soni’n’ ushi’n da A.Kvyatkovskiy «Ten’ewdin’ poetikasi’ qi’yi’n bolg’anli’qtan yelege shekem teoriyali’q jaqtan islep shi’g’i’lmadi’, - dep jazdi’. Sebebi, ten’ew ha’r qi’yli’ poetikali’q ko’rkemlew qurallari’ni’n’ baslang’i’sh da’wiri boli’p yesaplanadi’, troplardi’n’ derlik ha’mmesi, sinekdoxa, giperbola, litota ha’m basqalardi’n’, ba’ri de ten’ewden sag’a aladi’»[3].

Ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ bulardan basqa da bir neshe tu’rleri Ku’nxoja shi’g’armalari’nda ushi’rasadi’. Biz wolardi’n’ ayri’mlari’na g’ana toqtap wo’ttik.

### 1.2. Ko’rkem su’wretlew usi’llari’ haqqi’nda

Ku’nxoja lirikasi’ni’n’ ko’rkem mazmuni’n yele de aydi’nraq ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw ushi’n a’debiyattani’w iliminde ko’rkem su’wretlew usi’llari’ dep ju’ritiletug’i’n figuralardi’ da sheberlik penen paydalani’w si’rlari’n u’yreniw a’hmiyetke iye. A’debiyattani’w iliminde shi’g’arma poetikasi’n u’yrengende ko’rkem su’wretlew qurallari’na di’qqat qarati’ladi’ da, ko’rkem figuralar izertlewden shette qali’p kiyati’r. Biz lirikali’q qosi’qti’n’ poetikasi’ degende tek ko’rkem pikirlerdin’, juwmaqlardi’n’, qatarlardi’n’, so’z dizbeklerinin’, so’zlerdin’ awi’spali’ ma’nislerin g’ana yemes, al sesler u’nleslikleri de tu’sindiretug’i’nli’g’i’ si’r yemes. Solay yeken, shi’g’armalardag’i’ figuralarg’a da poetikali’q

---

[1] Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. М., 1964, 213-б.
[2] Квятковский // Поэтический словарь. –М., «сов.энк» 1966, стр 280.
[3] Квятковский // Поэтический словарь. –М., «сов.энк» 1966, стр 280.

elementler si'pati'nda qatnas jasawi'mi'z poeziya tuwrali' tu'siniklerimizdi ja'ne de ken'eytedi.

A.Kvyatkovskiy «Ko'rkem su'wretlew usi'llari' tuwrali' jazi'wshi'lar ta'repinen yemes proza yaki qosi'qlardag'i' ayqi'nlang'an ko'rkem su'wretlewge yerisiw ushi'n qollanatug'i'n stilistikali'q so'ylemshi tu'ri»[1] si'pati'nda ani'qlama beredi ha'm barli'q troplarda figurag'a tiyisli dep yesaplaydi'. Sebebi troplar degende biz, paydalang'an so'zlerdin', so'z dizbeklerinin' ha'm pikir tu'siniklerdin' awi'spali', ko'shpeli, obrazli' basqa ma'nige iye boli'wi'n tu'sinemiz. Al, ko'rkem su'wretlew usi'llari'nda bolsa qosi'q juwmaqlardag'i' so'zlerdin' so'z dizbeklerin, qatarlardi'n' shayi'r ta'repinen qalay wornalasti'ri'lg'ani'n, qalay ha'm ne ushi'n jaylasti'ri'lg'ani'n, qaytalani'wi'n, ma'nilik jaqtan qarama-qarsi' qoyi'li'wlari'ni'n' si'rlari'n u'yrenemiz.

A'debiyattani'w iliminde ko'rkem su'wretlew qurallari' shi'g'armani'n' mazmuni'na, ko'rkem su'wretlew usi'llari' bolsa shi'g'armani'n' formasi'na qatnasli' qollani'ladi' degen tu'sinikler de bar. Troplardi'n' shi'g'arma mazmuni'ni'n' ko'pshiligine ta'sir yetetug'i'nli'g'i' tu'sinilgen. Biraq, biz stilistikali'q figuralardi' tek formag'a ta'sir yetiwshilik shen'beri menen shekley almaymi'z. Wolar da troplar si'yaqli' shi'g'armani'n' ishki formasi'na, yag'ni'y mazmung'a ta'sir yetiw funkciyasi'n atqara aladi'. Ko'rkem su'wretlew usi'llari' degen atama da buni' da'lilleydi. Rus ilimpazlari'ni'n' izertlewlerinde stilistikali'q figuralardi'n' shi'g'armada qollani'li'wi' a'hmiyeti ha'r ta'repleme izertlenip, wolardi' leksikali'q ha'm sintaksislik xi'zmetine qaray klassifikaciyalani'wlar da ushi'rasadi'.

«Parallelizm – (grek so'zi, parallolos – qatarlas ma'nisinde). Eki tu'rli qubi'li'slardi' sali'sti'ri'w arqali' su'wretlewdin' poetikali'q usi'li'».[2] Qa'legen na'rse yamasa qubi'li's qatar kelse bul parallelizm qubi'li'si'n payda yetpeydi. Qatar qoyi'li'p ati'rg'an na'rse yamasa qubi'li'sti'n' arasi'nda qanday da bir ma'nilik yaki ti'msalli'q baylani's boli'wi' kerek yaki segment sol jag'dayda parallel yesaplani'wi' mu'mkin. Yeger wolarda uqsasli'q bolsa, wolardi'n' qanday da bir bo'leginen basqasi'n iyeleytug'i'n yeki segmentine tiyisli poeziyasi' bolsa boladi'[3].

Parallelizmnin' bo'liniwi ilimiy miynetlerde ha'm so'zliklerde ha'r qi'yli' bolg'ani' menen, bul bo'liniwler bir-birine u'nles keledi. Ma'selen rus ilimpazlari' A.Kvyatkovskiydin' so'zliginde, … parallelizmler sintaksislik parallelizm, strofali'q parallelizm ha'm ritmikali'q paralellizm boli'p u'shke bo'lingen. «Literaturni'y enciklopedicheskiy slovar» da bolsa sesler

---

[1] Квятковский // Поэтический словарь. –М., «сов.энк» 1966, стр 321.
[2] Ахметов С., Есенов Ж. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1994, 154-бет.
[3] Квятковский А. Поэтический словарь, Москва, «Советская энсиклопедия», 1966. стр 193.

birdeyligi (slovesko-zvukovom), ritmikali'q ha'm kompoziciyali'q dep bo'linedi»[1]. Seslerdin' birdeyligi arqali' paralellizmlerdin' jasali'wi' alliteraciya ha'm ritorika arqali' a'melge asi'ri'ladi'. Ritmikali'q parallelizm bolsa strofa ha'm a'yyemgi grek lirikasi'nda ushi'rasatug'i'n antistrofalar arqali' jasaladi'. Al, kompoziciyali'q parallelizm degende romanda yeki syujetlilik liniyani'n' qatar qollani'li'wi' na'zerde tuti'ladi'. Timofey Bondorenko wo'z miynetlerinde parallelizm tematikali'q parallelizm, sintaksislik parallelizm, leksikali'q parallelizm, strategiyali'q ha'm intonaciyali'q parallelizmler dep bes toparg'a aji'ratadi'.

Al, «A'debiyattani'w atamalari'ni'n' wori'ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi»nde parallelizmnin' ideyali'q tematikali'q ha'm psixologiyali'q tu'rleri haqqi'nda g'ana so'z yetiledi.[2] İlimpaz B.Genjemuratov A'jiniyaz lirikasi'ni'n' poetikasi'n» u'yrengende sintaksislik parallelizmge toqtaladi'.[3]

Soni'n' menen birge parallelizm shi'g'armada tek g'ana mazmung'a qatnasli' bolmastan, woni'n' si'rtqi' formasi'ni'n' ju'zege keliwinde de u'lken a'hmiyetke iye.

Parallelizmler qosi'q quri'li'si'ni'n' sho'lkemlestiriwinde xi'zmet atqaradi'. Mi'sali', anafora yamasa refrenler h.t.b. arqali' jasalg'an parallelizmler uyqas ha'm i'rg'aqti'n' tarti'mli'li'g'i'n ta'miyinleydi. Bul ko'rkemlew usi'li'ni'n' si'rtqi' formag'a ta'sir yetetug'i'nlari' sintaksislik ha'm leksikali'q parallelizmler boli'p tabi'ladi'.

Ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' biri gradaciya lirikali'q shi'g'armada woy-pikir jelisinin' ku'shli emocionalli'q ta'sirshen'ligine iye tu'rde beriliwinde u'lken xi'zmet atqaradi'. Soni'n' ushi'n da ko'pshilik shayi'rlar lirikali'q qaharmanni'n' emociyalari'n (quwani'w, ku'yiniw, qayg'i'lani'w, g'a'zepleniw h.t.b.) ko'rkem obrazli' tu'rde jetkeriw ushi'n gradaciya usi'li'nan paydalanadi'.

Gradaciya – (lati'nsha – gradatio a'ste aqi'ri'n joqari'law gradus «basqi'sh»). 1. Qanday da bir processtegi basqi'shlardi'n' izbe-izlik penen, a'ste-aqi'ri'nli'q penen bo'listirilip jaylasti'ri'li'wi'; 2) bir qatar so'zlerdin' ma'nili ha'm emocionalli'q belgileri boyi'nsha ku'sheyiwinin' yaki ha'lsizleniwinin' ta'rtip penen jaylasti'ri'li'wi'nan turatug'i'n stilistikali'q figura.[4] İlimpaz B.Garri'ev: «gradaciyani'n' wo'zine ta'n belgisi si'pati'nda woni'n' ni'zami'na qarag'anda bir zat su'wretlegende wol ba'rha wo'sedi, ba'rha'

---

[1] Литературный энсиклопедический словарь, Москва, «Советский энсиклопедия», 1987, стр, 267.
[2] Ахметов С., Есенов Ж. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1994, 154-бет.
[3] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Н., «Билим», 1997. 45-46-б.
[4] Словарь иностранных слов. Москва, «Русский язык», 1986, 141 с.

ken'eyedi»[1] dese, wol «Literaturni'y enciklopedicheskiy slovar» da (1987) gradaciya klimaks ha'm antiklimaks de yeki tu'rge bo'linedi. B.G.Garri'evti'n' pikiri klimakske tiyisli. Sebebi «Klimaks su'wretlew obektinin' ma'nisi yamasa sezimler ag'i'si'ni'n' qatardan-qatarg'a, so'zden-so'zge wo'tken sayi'n ku'sheyip, zorayi'p bari'wi'».[2]

A.Kvyatkovskiy gradaciyada woy-pikir jelisinin' tek bir ta'repten (ku'sheytiw yamasa pa'seytiw) ayti'w menen sheklenbesten, wog'an uli'wmali'q tu'rde «Gradaciya degenimiz ten'ewlerdin', obrazlardi'n', epitetlerdin', metafora ha'm basqa da ko'rkem so'z qurallari'ni'n' izbe-izli tu'rde ku'sheytiliwi yamasa, kerisinshe ha'lsizlendiriliwi menen juwmaqlanatug'i'n stilistikali'q figura».[3] dep ani'qlama beredi. Demek gradaciya woy-pikir jelisinin' tek ku'sheyiwi menen g'ana yemes, wol pa'sleniwi menen de xarakterlenedi.

Antiklimaks – klimakske qarama-qarsi' tu'rde woy-pikirdin', sezimler ag'i'mi'ni'n' kem-kemnen to'men tu'siwi, pa'sleniwin an'latadi'.

Ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' biri antitezalar da basqa ko'rkemlew usi'llari' si'yaqli' lirikali'q shi'g'armani'n' ha'm forma ha'm mazmun elementi si'pati'nda ken'nen qollani'ladi'.

Poeziya bolmi'sti'n' qanday da bir obektine subekttin' qatnasi'n biliwge xi'zmet yetken jag'dayda wol shayi'rdi'n' woy yeleginen wo'tip, kewil tolg'ani'slari'nda ati'li'p shi'qqan bulaqqa megzeydi. Bul waqi'tta bulaqti'n' «avtori'» si'pati'nda lirikali'q qaharman ha'reketke keledi. Ha'r qanday shaxs wo'z ideyalari'n beriwde «men» lirikali'q qaharmanlardi' qural si'pati'nda paydalani'p, usi' lirikali'q qaharmanni'n' woylari'n jetkeriwde bir qatar usi'llardan paydalanadi'. Lirikani'n' wo'zi a'dette kewil keshirmelerdegi qarama-qarsi'li'q tiykari'nda ju'zege keledi. Usi' qarama-qarsi'li'qlardi' beriwde ko'pshilik do'retiwshiler antitezag'a mu'ra'ja't yetedi.

«Antiteza – (grekshe – «antithens» - qarama-qarsi'» degendi bildiredi). Ko'rkem shi'g'armada waqi'yalar, obrazlar, tu'sinikler bir-birine qatan' qarama-qarsi' qoyi'lsa, antiteza usi'li' kelip shi'g'adi'».[4]

Antitezalar to'mendegishe usi'llar arqali' jasaladi':

1) Antonim so'zlerdin' qollani'li'wi' arqali' woy-pikirlerdin' qarama-qarsi' qoyi'li'wi';

2) Qarama-qarsi' tu'siniklerdin' qarama-qarsi' qollani'li'wi' arqali' jasali'wi'.

---

[1] Гаррыев Б.Г. Мақтумгулы. Ашгабат, «Ылым», 1975, 188-бет.
[2] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари, Тошкент, «Ўқитувчи» 2002, 428-бет.
[3] Квятковский А. Поэтический словарь, Москва. «Сов.энс» 1966, 376 с.
[4] Ахметов С., Есенов Ж. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1994.

Gramatikali’q aspektte qaraytug’i’n bolsaq ilimpazlar leksikali’q, morfologiyali’q ha’m sintaksislik antitezalar dep bo’liwimizge boladi’. Bul wolardi’n’ si’rtqi’ formasi’ menen baylani’si’nda ko’zge tu’sedi.

Ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ biri inversiyalarsi’z lirikali’q shi’g’armani’ ko’z aldi’mi’zg’a keltiriw qi’yi’n. İnversiya tu’rkiy xali’qlari’ni’n’ wo’lshemi bolg’an barmaq wo’lshemindegi si’yalarda woni’ bir qa’lipke sali’p sho’lkemlestiriwde, qosi’qti’n’ emocionalli’q ta’sirshen’ligin artti’ri’wda ayri’qsha a’hmiyetten yesaplang’an su’wretlew usi’llari’ni’n’ biri. İnversiya lirikada uyqas, buwi’n, i’rg’aq si’yaqli’ qosi’q quri’li’si’ elementlerin sho’lkemlestiriwshi usi’l boli’p qalmastan, shi’g’armani’n’ ishki mazmuni’na da ta’sir yetiw ku’shine iye.

İnversiya (lati’nsha inversio – ori’n almasti’ri’w) so’zinen ali’ng’an - ga’p bo’limlerinin’ grammatikali’q normadan ti’sqari’ jag’dayda qollani’li’wi’na tiykarlang’an stilistikali’q usi’llardi’n’ biri».[1] Rus a’debiyattani’w iliminde jari’q ko’rgen so’zliklerde inversiyani’n’ tu’rlerge bo’linetug’i’nli’g’i’n aytadi’. Mi’sali’, «Literaturni’y enciklopedicheskiy slovar» da (M., 1987) kompoziciyali’q inversiya ha’m ritmikali’q inversiya dep yekige bo’lingen bolsa A.Kvyatkovskiydin’ so’zliginde inversiya usi’li’ ritmikali’q inversiya ha’m sintaksislik inversiya dep bo’linedi.

«Ritmikali’q inversiya (lati’nsha inversio – wori’n almasi’w, wori’n buzi’li’w) lirikali’q qosi’qlarda metrikali’q akcentten stopo yamasa kratlarda pa’tli so’zlerdin’ sa’ykessizligi na’tiyjesinde qosi’qti’n’ wo’zgeriske ushi’rawi’. Bunday ritm inversiyalang’an dep ataladi’. Ritmikali’q inversiya principleri wori’s metrikasi’ tiykari’nda jarati’lg’an. İnversiyani’n’ bul tu’ri antik da’wir shi’g’armalari’nda (İnzametor ko’leminde) ha’m Gruziya metrikasi’nda (Shota Rustaveli shi’g’armalari’nda) ju’da’ belgili.

Sintaksislik inversiya - ga’ptegi so’z yamasa frazani’n’ wori’n ta’rtibinin’ almasi’wi’. Bul grammatika ushi’n ta’n qag’i’ydi’, sintaksislik parallelizmdegi da’l wori’n almasi’w qosi’qtag’i’ intonaciyali’q ta’sirshen’likti ta’miyinleydi. İnversiyani’n’ bul tu’ri qaraqalpaq poeziyasi’ ushi’n ta’n.

İnversiyani’n’ mazmun ha’m formag’a qatnasi’ haqqi’nda ilimpaz B.Genjemuratovti’n’ miynetinde u’yrenilgen. Wol inversiyani’n’ qosi’q tekstinde atqaratug’i’n xi’zmetin u’yrene woti’ri’p «… negizi ma’ni ju’klenetug’i’n so’zlerdi grammatikali’q qa’demler belgileytug’i’n wori’nnan ti’sqari’ jerlerge jaylasti’radi’. Bunday ga’ptegi so’zlerdin’ worni’n bilip turi’p wo’zgertiw tiykarg’i’ pikirdi birinshi wori’ng’a shi’g’ari’w ushi’n islenedi. Bul bir ta’repi.

[1] Хотамов Н., Саримсақов Б. «Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати», Тошкент «Ўқитувчи» 1970, 127-бет.

Sonday-aq, uyqas, buwi’n ha’m i’rg’aq birliginin’ saqlani’w ushi’n islenedi. Bul yekinshi ta’repi.

Ga’ptegi so’zlerdin’ worni’ ko’rkem pikirdi birinshi wori’ng’a shi’g’ari’w ushi’n wo’zgertilgeni, soni’n’ menen birge uyqas, i’rg’aq, buwi’n birliklerin saqlaw maqsetinde solay isletilgenlikten woqi’wshi’ ha’m ti’n’lawshi’ni’n’ obrazli’ su’wretlewdi qabi’l yetiw mu’mkinshiligi ken’eydi. Bul u’shinshi ta’repi».[1]

İnversiyag’a ushi’rap qollani’lg’an sintaksislik birlikler belgili da’rejede pikir ji’ynaqli’li’g’i’n, ideyani’n’ bir worayda ha’m ta’sirshen’ beriliwin prozali’q bir tegis ha’m tarti’mli’ intonaciyali’q wo’zgesheligine iye boli’wi’n, uyqasi’wshi’ qatarlardi’n’ ta’rtibin ha’m ba’ntlik sho’lkemleskenlik xi’zmetlerin atqaradi’.

Tu’rkiy poeziyada, uli’wma barmaq wo’lshemine tiykarlang’an xali’qlar a’debiyati’nda ritmikali’q inversiya derlik ushi’raspaydi’, tek g’ana elementleri (usas ta’repleri) boli’wi’ mu’mkin. Barmaq wo’lshemindegi qosi’qlardi’n’ tiykarg’i’ ma’nisi ha’m intonaciyali’q sho’lkemlespegenligi sintaksislik inversiyalarg’a baylani’sli’ boladi’. Sintaksislik inversiya ga’p ag’zalari’nan tikkeley g’a’rezli. Ga’p ag’zalari’ni’n’ ga’ptegi wori’n ta’rtibine baylani’sli’ ta’biyati’nan kelip shi’g’i’p sintaksislik inversiyalar bir neshe formalarda (ga’p ag’zalari’ni’n’ birinshi planda keliwine baylani’sli’) qollani’li’wi’ mu’mkin. Bul ha’r bir shayi’rdi’n’ invercial izlenislerinen, ko’rkem stillik wo’zgesheliklerinen g’a’rezli boladi’.

İnversiyali’q qosi’qti’n’ kompoziciyali’q mu’mkinshiligin ta’miyinlewshi si’pati’ woni’n’ intonaciyali’q wo’zgeshelikti payda yetiwinde uyqas ha’m i’rg’aqti’ payda yetiwinde ko’rinedi.

Uli’wma ko’rkem su’wretlew usi’llari’ ko’rkem su’wretlew qurallari’ si’yaqli’ poeziyali’q shi’g’armani’n’ mazmuni’na da ta’sir yetiwi menen wo’zgeshelenedi. Sonli’qtan wolardi’n’ ha’r birinin’ Ku’nxoja lirikasi’nda qollani’w ta’replerin ani’qlaw a’hmiyetli ma’sele.

---

[1] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997. 53-б.

## II bap. Ku'nxoja shi'g'armalari'nda ko'rkemlew qurallari'ni'n' mazmundi' bayi'ti'wdag'i' a'hmiyeti

### 2.1. Shayi'r lirikalari'nda troplar (metafora, metonimiya, sinekdoxa, allegoriya, simvol h.t.b.)

So'zlerdi awi'spali' ma'niste qollani'w, a'sirese, poetikali'q tilge ta'n na'rse boli'p, bul tildegi so'zlerdin' qollani'w maydani'n ken'eytedi, mazmunli'q mag'anasi'n teren'lestiredi, yaki bayi'tadi'. So'zlerdin' bunday poetikali'q tilde beriliwi a'debiyattani'w iliminde a'dette troplar dep ju'ritiletug'i'ni' ma'lim. Troplarg'a metafora, metonimiya, sinekdoxa, simvol, allegoriya, perifraz, epitet ha'm ten'ewler ju'rgiziledi.

Ku'nxoja shi'g'armalari'nda troplar tiykari'nan ko'rkem su'wretlewde obrazli'li'qqa yerisiwde tiykarg'i' qural si'pati'nda qollani'lg'an. Sebebi, shayi'r wo'z shi'g'armalari'nda da'wir shi'nli'g'i'n jetkerip beriwde xali'qqa tu'sinikli bolg'an awi'zeki so'ylew tili menen birgelikte ko'rkem wo'zgeshelikke iye bolg'an obrazli'li'qqa iye so'z ma'nilerinen de sheber ha'm wo'nimli qollani'li'wi' menen wo'zgeshelenedi. Sonli'qtan, woni'n' do'retpeleri bu'gingi ku'nde de yele wo'zinin' ko'rkem a'hmiyetin joytpag'an.

Ku'nxoja shayi'r lirikalari'ni'n' XIX a'sirdegi basqa klassikler shi'g'armasi'nan parqi' sonda. woni'n' poeziyasi' ko'birek filosofiyali'q, ja'miyetlik-socialli'q mazmundi' awi'spali' ma'nislerinde beriw sheber qollani'ladi'. Ha'r birin sheberlik penen isletedi. Bunda wol ko'binese astarlawdi'n' awi'spali' formasi' metaforalarg'a mu'ra'jet yetedi. Obrazli' filosofiyali'q pikirlew da'stu'rlerin metaforali'q su'wretlewge ko'shiredi. Shayi'rdi'n' «Wo'lim» qosi'g'i'nda mi'naday troplar bar.

**Zaman tari'li'p** tur **aspan tuti'li'p**,
Tabaalmadi'm **joldi'** barha umti'li'p,

Zali'm sebebinen wormanda boli'p,
Bir basqa bir sawda boldi' yaranlar.[1]

Shayi'r o'zi jasag'an da'wirdegi xalqi'ni'n' qi'yi'n turmi'sli'q jag'dayi'n, a'dalatsi'z siyasiy turmi'sti', zamanni'n' ada bolmas qi'yi'nshi'li'q, qi'yi'n ku'n ko'risin bir obrazli' so'z benen, yag'ni'y «Zamang'a tari'li'p tur» degen obrazli' si'pat beriw arqali' metaforali'q su'wretlew menen ashi'p beredi. A'dette «tari'li'w» so'zi real wortali'qtag'i' konkret

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. 1960. 39-бет.

na’rselerdin’ ko’lemine baylani’sli’ qollani’latug’i’n so’z. Shayi’r woni’ obrazli’ tu’rde «zaman» abstrakt so’zi menen dizbeklestirip, metaforali’q su’wretlewge yerisken. Sonday-aq, usi’ qatardag’i’ «aspan tuti’li’p» giperbolali’q metaforani’ da ta’biyat qubi’li’slari’na baylani’sli’ xali’q ta’repinen ayti’lg’an metaforali’q su’wretlew boli’p, «Quyash ha’m aydi’n’ tuti’li’wi’na baylani’sli’ a’tirapti’n’ qaran’g’i’lasi’wi’ni’n’ sali’sti’ri’wi’n Ku’nxoja jasag’an zamanni’n’ awi’r sha’rayati’na ten’eledi ha’m ten’ew obrazli’ si’patta metaforali’q su’wretlewdi payda yetken. Bunday da’wirdin’ qi’yi’nshi’li’qlari’n ta’biyatqa sali’sti’ri’p uqsati’wdi’ Jiyen ji’raw do’retiwshiligin izertlegen ali’m. A.Karimovta mi’naday mi’sali’ menen da’lillegen yedi.

«Baylar menen biylerdin’,
Yetken qi’si’wmetinen,
Jaz ku’nlerim qar yeken,
«Azanda usi’ toyg’ang’a
Bu’lbil boli’p sayradi’q»[1] - dep qar, bu’lbil so’zleri arqali’ metaforali’q su’wretlewdi ko’rsetedi. Ku’nxoja shi’g’armalari’nda usi’ si’yaqli’ metaforali’q su’wretlewlerdi ko’plep ushi’ratami’z.

«Men sorli’g’a, g’a’riplerge **jari’q joq**,
**Qaran’g’i’ dumanda qaldi’m**, yaranlar».[2]

«Jari’q», «Qaran’g’i’ duman» obrazli’ ma’nistegi shayi’r jasag’an da’wirdin’ ko’rinislerinin’ si’patlamasi’. «Jari’q joq» - shayi’r ushi’n, xali’q ushi’n kewlinin’ toq boli’p jasawi’ ushi’n imkaniyatti’n’ joqli’g’i’. «Qaran’g’i’ dumanda qali’w» - bul da haqi’yqi’y ta’biyat qubi’li’si’ dumanni’n’ arasi’na tu’sip qali’wdi’ yemes, al xali’q ushi’n awi’r sha’rayatlardi’ payda yetken zamanni’n’ obrazli’ su’wretleniwi boli’p tabi’ladi’.

Bunday su’wretlewler shayi’rdi’n’ zaman ha’m ruwxi’y sawatsi’z adamlardi’n’, nadanlardi’n’ tu’sinbewshiligin su’wretlew ushi’n da qollani’lg’ani’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z. Mi’sali’:

**Zali’mni’n’ ushqi’ni’** kimnin’ ushqi’ni’,
**Ko’ksin’nen** a’rmanda **shanshur shanshqi’ni’**,
Adamzatti’n’ rahbari’ qashqani’,
Menin’ deyin boldi’meken yaranlar.[3]

---

[1] Каримов А. Жийен Жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. Нөкис, 1963, -бет
[2] Сонда, 36-бет.
[3] Сонда, 39-бет.

Bundag'i' «zali'mni'n' ushqi'ni'»ni'n' ko'ksinen shanshi'wi'» obrazli' metaforasi' tek bir qatarda yemes, al qospa ga'plik konstrukciya negizinde yekinshi qatarda da dawam yettirilgen.

Shayi'r suwi'q qural shani'shqi'shi' ha'm woni'n' jaraqatlawshi' si'pati'n zali'm adamlardi'n' bergen azaplari'na sali'sti'ri'p, ten'ew arqali' metaforali'q su'wretlewge yerisken.

İlimpaz S.Axmetovti'n' pikirinshe bazi' bir jag'daylarda «metafora qosi'qti'n' tutas qatarlari'n da ali'p turi'wi' mu'mkin».[1] Bul joqari'da keltirilgen mi'salda metafora bir neshe qatarlarda wo'zinin' juwmaqlawshi' si'pati'na yerisken. Mi'na «Kim biler?» qosi'g'i'nda da bul tasti'yi'qlandi'. «Kim biler» qosi'qtan:

Menin' ishim boldi' **tu'tin**,
Tu'tin yekenin kim biler,

Buzi'lsa-da xana pu'tin,
Pu'tin yekenin kim biler?

Bul gapimnen joq xabari'n',
İshkenlerim boldi' **irin'**,
Jegenlerim boldi' **jelim**,
Woni' sormasa kim biler?

Menin' **da'rtim** ishke toldi',
Tolg'ani'nan **gu'lim** soldi'.
**Bir a'lamat** zaman boldi',
Bul qorli'qlardi' kim biler

Bolsam-da sorli' **jolbari's**,
**Ari'slan** yekenimdi kim biler?[2]

Keltirilgen qatarlarda, shayi'r wo'zinin' turmi'si'ndag'i' «tutin», «irin'», gu'lim soldi', ari'slan» degen so'zler menen awi'sti'radi'. Na'zer taslasaq bular jay tu'rdegi a'wi'sti'ri'wlar yemes, al belgili ani'q tu'sinikti, pikirdi, bi'layi'nsha aytqanda, poetikali'q mazmundi' tu'sindirip woti'ri'w ushi'n qollani'li'p woti'r. Yeger de shayi'r «men wo'zimdi awi'r

[1] Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. -Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, 226-бет.
[2] Сонда; 114-бет.

sezemen, qapaman» dep tu’sindirgende wonda hesh qanday poetik mazmun shi’qpag’an bolar yedi. Joqari’dag’i’ qatarlarda sol tariyxi’y da’wirdin’ obrazi’ jati’r. Sonli’qtan shayi’r «tu’tin boldi’, irin’ boldi’, gu’lim soldi’, jelim boldi’» dew arqali’ miynetkesh xali’q turmi’si’ni’n’ awi’r jag’daylari’n ha’r qi’yli’ metaforalar menen berip tur. Qollani’lg’an metaforalardi’n’ wo’zinde ha’r qaysi’si’ xali’qti’n’ awi’r turmi’si’ni’n’ belgili bir ta’repin yag’ni’y, tu’tinge toli’w-ten’sizliktin’ awi’r tu’rlerinin’ birinin’ izinen biri duwshakerlese beriwi gu’li soli’w – xali’q turmi’si’ndag’i’ jan’a ku’shlerdin’ u’stem klass wa’killeri ta’repinen qarsi’li’qqa ushi’rawi’ usag’an teren’ ma’nilerdi beredi.

Ayi’ri’m shayi’rlar ta’biyat ko’rinislerine adamg’a ta’n bolg’an si’patlardi’ ko’shiriw arqali’ da metaforali’q su’wretlewge yerisedi. Ta’biyattag’i’ jansi’z na’rselerge adamg’a ta’n psixikali’q wo’zgesheliklerdi berip su’wretlewdi geypara a’debiyatlarda janlandi’ri’w dep te ataydi’. Janlandi’ri’w metafora menen ju’da’ uqsas boli’p tabi’ladi’. Ku’nxojani’n’ «Qara tas» qosi’g’i’ndag’i’ to’mendegi qatarlarg’a di’qqat awdarayi’q.

«Namakeshtin’ salg’an a’ni,
Usi’lardan shi’g’ar ma’ni,
Biyik jawdi’n’ sendur sa’ni
Qabag’i’n u’ygen qara tas».[1]

Mi’salg’a ali’ng’an juwmaqtag’i’ «qara tasti’n’ qabag’i’n u’yiwi» janlandi’ri’wg’a qarag’anda metaforali’q su’wretlewge ko’birek jaqi’n. Shayi’rdi’n’ qara tawdi’n’ qara tasi’na mu’ra’ja’t yetiwi woni’n’ lirikani’ teren’ tu’siniwi shayi’rli’q sheberliginin’ jetiskenliginen da’rek beredi. Qara tasti’n’ tumsi’rap qara si’patqa iye boli’p turi’w wo’zgesheligin shayi’r «qabaq u’yiw» si’pati’ menen dizbeklestirip obrazli’ su’wretlewge yerisken ha’m metaforali’q su’wretlewdin’ wo’zine ta’n qa’siyetlerinin’ birin ashi’wg’a ha’reket yetken si’yaqli’ wo’zgeshelikler shayi’rdi’n’ «Arba», «Qobi’z», «Wo’lgen bali’q», «Ushqan qus», «Aq qami’s», «Sazan-aw» qosi’qlari’na da ta’n.

«Wo’giz qospay aylanbaysan’,
Woylani’p ha’m uyalmaysan’,
May jaqpasa way-waylapsan’,
Qi’li’g’i’n’ da jaman arba».[2]

Ku’nxoja shayi’rdi’n’ metaforalar jarati’wdag’i’ wo’zine ta’n bir wo’zgesheligi sonnan ibarat wol adamg’a ta’n si’patlardi’ tek ta’biyat ko’rinislerine ko’shiriw arqali’ sheklenbesten

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. 1980, 137-бет.
[2] Сонда 136-бет.

absrakt tu’siniklerge de ko’shirip sali’sti’ri’p su’wretlew arqali’ metaforalar payda yetedi. Mi’sali’:

Atan’ mal bergen son’ sen ushi’n wog’an,
Qi’z jaman ko’rse de bolar san darqan,
Bir ku’n tu’nde qi’zg’a salarsan’ woyqan,
Ko’zi qarawi’tqan jigirma beste.[1]

«Jigirma bes» degende shayi’r san ma’nisindegi jigirma bes sani’n na’zerde tuti’p turg’an joq. Al, adamni’n’ jasli’q ma’wretten, pali’z ku’shke tolg’an ma’ha’lin jigitliktin’ yen’ shoqqi’si’na yerisken waqti’ jigirma bes-woti’z jaslar a’tirapi’ndag’i’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin na’zerde tuti’p tur. «Ko’zi qarawi’ti’w» frazasi’ni’n’ ma’nisi ha’dden ti’sqari’ ashi’wlani’w, qa’ha’rleniw, ko’zine hen na’rse ko’rinbew, hesh kimdi ti’n’lamaw si’yaqli’ tu’sinikti beredi. Shayi’r jigirma bes jas wo’zgesheligin ko’zi qarayi’w so’zin yendiriw arqali’ a’jayi’p metaforali’q su’wretlewdi payda yetken.

Sebebi, janlandi’ri’w-metaforani’n’ bir ko’rinisi. Janlandi’ri’w adamlarg’a ta’n bolg’an wo’zgesheliklerdi jansi’z predmetler, ta’biyat ha’diyseleri, haywanat, quslari’na ko’shiriw arqali’ payda bolg’an su’wretlew qurali’. Janlandi’ri’w su’wretlew obektti bo’rttirip, ku’sheytip, jarqi’n ha’m ra’wshan yetip su’wretlewge imkan beredi. Klassik a’debiyati’nda janlandi’ri’wdi’n’ yeki tu’ri ken’ qollani’lg’an. Jansi’z na’rselerdi janlandi’ri’w 2) so’yley almaytug’i’n na’rselerdin’ so’z iyesi si’pati’nda so’yletiw.

Ha’r qanday shayi’rli’q da’rejesin, woni’n’ shi’g’armalari’ni’n’ bahasi’n san kategoriyasi’ yemes, al, sapa kategoriyasi’ belgileydi. Ku’nxojani’n’ lirikali’q qosi’qlari’ni’n’ sapa da’rejesin belgileytug’i’n troplardi’n’ ishindegi ayri’qsha ko’zge taslanatug’i’nlardi’n’ biri-metaforalar. «Lirikani’n’ ta’jiriybesinde, poeziyani’n’ tariyxi’ni’n’ ko’rinisine qarag’anda, lirika metaforasi’z bolmag’an ha’m bolmaydi’ da», - dep lirikali’q qosi’qlarda metafora worni’n joqari’ bahalaydi’ tu’rkmen a’debiyatshi’si’ R.Rejebov. Buni’n’ wo’zi metaforasi’z lirikani’n’ hasi’l lirikali’q go’zzalli’qqa, lirikali’q mazmung’a iye bola almaytug’i’ni’n ko’rsetedi».[2]

Biz joqari’da Ku’nxoja shi’g’armalari’ndag’i’ metaforalar ha’m wolardi’n’ a’hmiyeti haqqi’nda so’z yettik.

Metonimiya da metafora si’yaqli’ ko’rkemlew qurali’ boli’p, bunda waqi’ya yaki qubi’li’s, zat, basqa at penen qayta at aladi’. Ku’nxoja shayi’r shi’g’armalari’nda

[1] Сонда, 58-бет.
[2] Режебов Р. Лирики мезмун ве шығыр сунгаты. Ашгабад, Ылым, 1968, 348 с.

metonimiyalar lirikali’q qaharmanni’n’ ha’r tu’rli halatlari’n, sonday-aq, shayi’rlardi’n’ niyetin jetkerip beriw ushi’n qollang’an. Mi’sali’,

«Ashi’qti’n’ joli’nda **ishleri qaynap**,
**Qarli’ suwi’qlarda janlari’n qi’ynap**,
Qi’z keler dep turar **ko’zleri jaynap**,
**Telmirip** turarsan’ jigirma beste».[1]

Qosi’qti’ ali’p, a’piwayi’ tu’rde, yag’ni’y, wog’an obrazli’li’q ju’klemesten woqi’p, tu’sinik beretug’i’n bolsaq, jigirma bestegi adamni’n’ (jigittin’) ishinin’ qazang’a uqsap qaynawi’, ko’zlerinin’ gu’llerge usap ashi’li’p jaynawi’, yaki do’niwi dep tu’siniwimizge tuwri’ keledi. Al, obektiv jag’dayi’ boli’wi’ mu’mkin yemes. Demek, shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ jigirma bestegi halati’n tu’sindiriwde, sa’wlelendiriwde qubi’li’slardi’n’ uqsasli’q qa’siyetinen paydalang’an ha’m so’zlerge obrazli’q ma’ni ju’klep, metonimiyani’n’ a’jayi’p u’lgisin payda yetken. «İshleri qaynap» metonimiyasi’ arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ a’yne ku’shke tolg’an ma’ha’li jigirma bes jaslari’nda ti’ni’p-ti’nshi’masli’g’i’, ha’miyshe ha’rekette bolatug’i’nli’g’i’ obrazli’ qayta atalg’an. Al, ko’zleri jaynap» metonimiyasi’ arqali’ shadli’qtan, quwani’shtan ishki keshirmelerinin’ toli’p-tasi’wi’n su’wretlew ushi’n qollang’an.

«Men qayti’p kelgenshe azi’p ha’m tozba,
Aspandag’i’ **ayg’a** qoli’n’di’ sozba,

Tag’i’ basqa iske **moyni’n’di’ burma**,
Ketsem tez kelermen yari’m xosh yendi».[2]

Bul mi’salda «ay» so’zi metonimiya xi’zmetin atqari’p tur. Bul jerde «ay»-qol jetpes arzi’w, bayli’q yaki tabi’s ha’m wog’an uqsas na’rse si’pati’nda tu’siniledi. Al, A’jiniyaz shayi’rdi’n’ «Yoq menin’ redifli qosi’g’i’nda bolsa ay so’z basqa bir ma’nisin an’lati’w ushi’n qollang’an:

«Taza gu’listani’m ma’hil a’nwari’m,
Ha’siretin’nen hesh qarari’m yoq menin’»

Shayi’r «sadi’q ha’m wopali’», «pa’k yari’m» tu’sinigin ko’rkem so’zge tu’rlendiriw arqali’ «taza gu’listani’m», ma’hi a’nwari’m» metonimiyasi’n du’nyag’a keltirgen, - dep jazadi’ a’debiyatshi’ B.Genjemuratov.[3]

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 57-бет.
[2] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 49-бет.
[3] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, 1997, 19-бет.

«Ay» so’zin metonimiya sapasi’nda paydalani’w da’stu’ri Nawayi’ lirikasi’nda da ushi’rasadi’.

Basdurur ul woyni kurgandim tanim titramasdi,
A’y Navoiy, chekmag’il sen dag’i bar dam wohi sard.[1]

Degen menen Ku’nxoja lirikasi’nda qollang’an «ay» metonimiyasi’ Nawayi’ ha’m A’jiniyaz lirikasi’nda qollang’an ma’nisten pu’tkilley wo’zgeshe ma’ni beriw ushi’n qollang’an. Bul da shayi’rdi’n’ wo’zine ta’n sheberliginen derek beredi.

Shayi’r poeziyasi’nda metonimiyalar wo’zi jasag’an da’wir wo’zgesheligi, socialli’q, ekonomikali’q halati’n su’wretlew ushi’n da qollang’an ta’replerin ko’remiz. Mi’sali’:

1. Jumi’sti’ yetsem de jetpedi qoli’m,
Baxti’ ashi’li’p wo’nbey ko’p ju’rgen joli’m,
Qaltamda joq **abbaz shayi’** bir puli’m,
Bul du’nyag’a shi’qqani’mnan ne payda?[2]

2. **Qara** pul bolmay tabi’si’m,
Kelip tur mine nami’si’m,
Abdimurat jaqi’n dosti’m,
Aui’ldi’ qashan ko’rermen?[3]

Mi’sallardag’i’ «abbaz shayi’ bir puli’m», «Qara pul» metonimiyalari’ sol da’wirde qollang’an pul birliklerinin’ atamalari’n bildiriw menen birge, mi’sallarda puldi’n’ yaki ren’i na’zerde tuti’p turg’an joq, al wolardi’n’ mug’dari’ni’n’ azli’g’i’ na’zerde ayti’lg’an. Bul jag’i’nan, wol sinekdoxag’a ju’da’ uqsap ketedi. Biraq sinekdoxa ashi’q san baylani’si’ na’tiyjesindegi uqsasli’q ali’nsa, metonimiyada sapa baylani’si’ na’tiyjesinde qayta ataladi’.

Ku’nxoja lirikasi’ndag’i’ metonimiyalar zatlardi’n’ uqsasli’q belgisi menen birge adamlardi’ da wolardi’n’ ten’ewshi elementler yaki sali’sti’ri’wlar na’tiyjesinde uqsati’wshi’, qayta atawshi’ ko’rinisleri de ushi’rasadi’, Mi’sali’:

«**Qatar-qurbi’ sarbinazdi’**,
**Qi’si’n** aylegen **jazdi’,**
Jigitlerdin’ ko’rki qi’zdi’,
Ko’rer ku’nler bolar ma yeken?»[4]

---

[1] Навоий Мукамал асрлар тўплами. Тошкент, фан. 1987, 73-бет.
[2] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 42-бет.
[3] Сонда 43-бет.
[4] Сонда, 44-бет

Mi’saldag’i’ «qatar-qurbi’» ha’m «sa’rbinazdi’» metonimiyalari’ jigit ha’m qi’zlardi’ an’lati’w ma’nisinde qollang’an. «Qatar qurbi’-jigitler», «Sa’rbinaz»-qi’zlar»-qi’zlar, yaki, «su’ygen yar» ma’nisin an’latadi’.

Biz joqari’da «qaynaw» metonimiyasi’n shayi’rdi’n’ «jigirma beste» qosi’g’i’nda jasli’qti’n’, ku’sh-jigerdin’, ti’ni’p-ti’nshi’masli’qti’n’ qayta atali’wi’ si’pati’nda ayti’p wo’tip yedik. Da’l usi’ metonimiya woni’n’ «Ku’n qayda» qosi’g’i’nda wog’an qarama-qarsi’ ma’nisin bildiriw maqsetinde qollang’ani’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z. Mi’sali’:

«Qayg’i’dan qarayi’p **qaynag’an ishi**,
Bilekten mayri’li’p joq bolg’an ku’shi,
Sayi’mbetjan yedin’ bizlerden kishi,
Saqti’n’ si’nbay ju’retug’i’n ku’n qayda?»[1]

Bundag’i’ ishi qaynaw joqari’dag’i’ mi’sallardag’i’day optimistlik ruxti’ yemes, al tu’skinlikti bildiriw ushi’n, ila’jsi’zli’qti’ su’wretlew ushi’n qollang’an.

Sonday-aq, shayi’r poeziyasi’nda metonimiyalar ren’ yaki sog’an uqsas woni’n’ belgisine tiykarlani’p qayta ataw arqali’ basqa bir ma’nisti an’lati’w wo’zgesheligi menen de qollang’an. Mi’sali’:

«Ha’m qaraysan’ ali’stag’i’,
**Kiyati’rg’an qarag’a,**
Jerkenbeysen’ keyin basi’p tag’i’ da,
Shi’day almay qani’ aqqan jarag’a».[2]

Mi’saldag’i’ «qara» metonimiyasi’ tuwri’ ma’nisinde tu’sinik ren’di bildiredi. Biraq woni’n’ «kiyati’rg’an» wog’an jan berip tur. Demek, ali’stan kiyati’rg’an adam yaki basqa bir janli’ maqluqti’ qarawi’ti’p ko’rinetug’i’n ma’lim. Usi’ uqsasli’q belgisin yesapqa ali’p shayi’r «qara» ren’di bildiriwshi so’zine «adam» ma’nisin ju’klegen. Usi’ si’yaqli’ metonimiyalardi’n’ ra’n’beren’ tu’rlerin Ku’nxoja lirikasi’nda ko’plep ushi’ratami’z. Shayi’r lirikasi’ndag’i’ metonimiyalar wo’z aldi’na u’yreniwdi talap yetedi. Bul shayi’rdi’n’ ko’rkem so’z du’nyasi’n u’yreniwge ja’rdem beredi.

Sinekdoxalar. Ku’nxoja poeziyasi’nda azdi’n’ worni’na, ko’pti, bo’lek worni’na pu’tindi an’lati’w ushi’n awi’spali’ ma’nide qollang’an so’zler wo’zgesheligi si’pati’nda qollanli’g’i’n ko’remiz.

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 47-бет.
[2] Сонда, 112-бет.

1. Denenin’ qanday da bir mu’shesin su’wretlew arqali’ adamni’n’ wo’zin an’lati’w ushi’n qollang’an sinekdoxalar:

«Bolsa woylag’an tilegin’,
Jari’lar yedi **ju’regin’**,
Aytsam buzi’lar kewilim
Woylag’ani’m woyda bolmas»[1]

Bunda «ju’rek» so’zin I bette tarti’mlani’p qollani’w arqali’ uli’wma wo’zinin’ qu’wani’shqa tolatug’i’n ma’nisinde qollang’an.

«Alla qara ursa **betke**,
İshin’ tolar ko’rsen’ da’rtke,
Adamlar shi’dap baralmas»[2]

Bunda shayi’r «bet» ma’nisin tan’law arqali’ uli’wma adam basi’na tu’sken qayg’i’ni’, da’rtti aytpaqshi’ bolg’an. Woni’n’ ma’nisin toli’q an’law ushi’n qosi’q qatari’n toli’q woqi’w talap yetiledi. Demek, qayg’i’li’ adamda ren’ bolmaydi’, wol jaynap jasnap ju’rmeydi, kerisinshe «qara urg’an bettey» boli’p qapalani’p turadi’.

«**Murni’n’di’** ko’terip ti’rri’yi’p toyda,
Bek bolg’anday buri’n sorli’ kim yedin’,
Olar qaldi’ ma yeken mereke toyda,
Sorli’ Xoja sor tu’bin’nen kim yedin’?»[3]

Bunda da «muri’n» mu’shesi arqali’ adamni’n’ wo’zin, woni’n’ menmenlik qa’siyetin na’zerde tutqan.

2. Bo’lek arqali’ pu’tindi an’lati’wshi’ sinekdoxalar.

«Ata-jurti’m Tu’rkistannan kelgeli,
Ata-babam qoni’s basqan **jaylawi’m**,
Anadan tug’ali’, yesim bilgeli,
Woynap qatar wo’sken qali’n’ **jaylawi’m**»[4].

Bunda «jaylaw» so’zi tuwri’ ma’nisinde mallardi’n’ jaylaytug’i’n worni’, wot-sho’pli, suwli’ ma’kan ma’nisti bildiredi. Al, shayi’r wog’an Watan, tuwg’an jer, u’lken bir yelat, ata-baba ma’kani’ si’pati’nda baha berip, wol arqali’ ulli’ bir tu’sinikti, xali’q ma’nislerin bergen.

Bir-biri sag’i’nbay yer menen zayi’p,
**Nan tabalmay** posi’p ju’rgen xalayi’q,

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Нөкис, 1960, 131-бет.
[2] Сонда, 130-бет
[3] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 132-бет.
[4] Сонда, 31-бет.

At shoqay, qara-wo'len' bizin' i'layi'q,
Tu'rin tani'madi'm, nanni'n', jarmani'n'.[1]

Bunda «nan» sinekdoxa azi'q-awqatti'n' bir tu'ri tek nan haqqi'ndag'i' mazmundi' bildirip turg'an joq, al azi'q-awqatti'n' bir tu'ri ataw arqali' uli'wma «tamaq», azi'qli'q ma'nisin an'lati'w ushi'n qollang'an.

3. Ko'p arqali' azdi' an'lati'w ushi'n qollang'an sinekdoxalar.

«Ko'zim wolay ko'rmeslikten ayi'qsa,
Ko'rer yedim **shar ta'repti jahandi'**,
Barli'q denem keselinen jazi'lsa,
Aylanar-yem qoymay sholi'p du'nyani'».[2]

«Ja'ha'n sinekdoxasi' tuwri' ma'nisinde «du'nya, a'lem» degen tu'sinikti bildirip, wol ju'da' u'lken ko'lem. Woni' ko'z benen bir qarag'annan ko'riw mu'mkin yemes.

Al, lirikali'q qaharmanni'n' «yeger ko'zim ko'rse ja'ha'ndi ko'rermen» degende a'tirapti' ko're almawdi' a'rman yetkenin shayi'r su'wretlew ushi'n qollang'an.

Jalg'i'z tuwi'sqan adamni'n',
Aqqan da'ryaday sag'amni'n',
**Wo'kpe menen qalqamni'n'**,
Balasi' ushi'n jaz keler me?[3]

Bul mi'salda shayi'r «wo'kpe ha'm qalqa» adamni'n' yen' tiykarg'i' mu'sheleri, wol ag'asi'n sol mu'sheler arqali' an'latadi'.

Uli'wma shayi'r poeziyasi'nda sinekdoxalar ko'binese bo'lek arqali' pu'tindi, az arqali' ko'pti an'lati'w ushi'n qollang'an.

Simvol - ko'rkem a'debiyatta zat, ha'diyse, waqi'ya, yaki qanday da bir adamlar tuwrali' pu'tkil su'wretlew usi'li'.

Bul shayi'r lirikasi'nda simvollar ha'r tu'rli ma'nislerde qollang'an. Mi'sali':

Bul zaman tari'ldi', keyin bolmadi',
Zali'mlardi'n' **qi'zi'l gu'li solmadi'**,
Kewlimnin' waqti' xoshi' bolmadi',
Basqa aqi'rzaman tu'sti yaranlar».[4]

Mi'salda, «zali'mlardi'n' qi'zi'l gu'li» simvoli' wolardi'n' da'wrani' ma'nisinde qollang'an.

---

[1] Сонда, 67-бет.
[2] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар, Нөкис, 1960. 112-бет.
[3] Сонда, 118-бет.
[4] Сонда, 36-бет.

Merwertten sali'ng'an saray jaylardi'n',

**Aspandag'i' jaqti', jari'q aylardi'n'**,

Mi'sali' ko'p du'nyada mun'si'z baylardi'n',

Shalqi'wi'na sebep sorli' **qul** bilen.[1]

Bul qatarlarda shayi'rlardi'n' «Yel menen» qosi'g'i'nan ali'ng'an boli'p, tiykari'nan didaktikali'q lirika. Biraq, usi' didaktikali'q lirikani'n' wo'zinde avtordi'n' wo'zi jasag'an ja'miyettegi ju'z berip ati'rg'an qubi'li'slarg'a jeke ko'zqarasi' berilgen. Qosi'qti'n' ko'rkem so'z dizbeklerge quri'li'wi' avtor ideyasi'ni'n' beriliwinde u'lken xi'zmet atqari'p tur.

«Aspandag'i' jaqti', jari'q aylardi'n'» simvoli' ja'miyettin' ko'rki bolg'an paraxat turmi'sti'n', yel abadanshi'li'g'i'ni'n' simvoli' si'pati'nda ko'rinip tur. Sebebi, qul-yag'ni'y qara puqara (sol da'wirde baylar qara puqaralardi' qul qi'li'p jumsag'an)ni'n' barli'g'i' menen bul a'lem go'zzal, baylardi'n' bay boli'wi', shalqi'p da'wran su'riwi, biyik imaratlardi'n' quri'li'wi' barli'g'i' da usi' puqaralardi'n' miyneti. Usi' qubi'li'slardi'n' tiykarg'i' wo'zegin uslap turg'an qara puqaralar boli'p yesaplanadi'.

«Aqi'l jora bul so'zimdi g'am de tut,

Aspanu **za'mindi, alsa da gu'ngirt**.

Jel quwi'p **dumandi'**, bir ku'n keter bult,

**Bult ketse basti'** da'ndana a'yler».[2]

Bul mi'saldag'i' «gu'n'girt», «duman», «bult», «jel» simvollari' bolsa zamandi', woni'n' ko'rinisin, da'wir haqi'yqati'n ashi'p beriw ushi'n qollani'lg'an. Shayi'rdi'n' «Jaz keler me?» «Qobi'z», «Zaman», «Arba», «So'ksanar qosi'qlari' da woni'n' usi' simvolikali'q su'wretlewden tuwi'lg'an shi'g'armalari' boli'p yesaplanadi'.

Shayi'r «Qara tas», «Aq qami's» qosi'qlari'nda uli'wma mazmunli'q jaqtan wo'zi jasag'an da'wir haqi'yqati'n sa'wlelendiriw ushi'n jazi'lg'an simvolli'q obrazlar boli'p tabi'ladi'. To'mendegi qatarlar bug'an mi'sal boladi':

«Ko'p sho'llepsen' suw ishinde,

Bati'p-shu'mip tursan' da,

Qalti'raysan' jel pesinde,

Sonsha tami'r ursan' da».[3]

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 93-бет.
[2] Сонда, 97-бет.
[3] Сонда, 139-бет.

«Qara tas» obrazi’ bolsa ja’miyet ushi’n kereksiz adamlardi’n’ obrazi’ boli’p tabi’ladi’. Mi’sali’:

Jani’sa pi’shaq wo’tedi,
Qi’r-qi’ri’na jetedi,
Almas boli’p ham ketedi,
Qayi’ri’n’ usi’ qara tas.

Munarlani’p tawda tursan’,
To’menge qarap qulasan’,
Adamni’n’ basi’n julasan’,
Qayi’ri’n da az qara tas».[1]

«Arba» simvolikali’q qosi’g’i’nda, haldan tayg’an, iste jaramsi’z boli’p qalg’an adam obrazi’n simvolli’q ta’riypleydi.

«Wo’gizdin’ moyni’n taldi’rg’an,
Irg’ati’li’p joldi’ ji’rg’an,
Ataqli’ usta balta urg’an,
Ko’meshlerin’ si’ni’q arba».[2]

«Allegoriya tu’sinigi metafora tu’sinigi menen baylani’sli’, dep allegoriya tuwrali’ ani’qlama beredi, ilimpaz M.İ.Timofeev. Bunda metaforani’n’ sapali’q qa’siyetleri boyi’nsha, yag’ni’y bir topardag’i’ qubi’li’slardi’n’ belgilerinin’ yekinshi topardag’i’ ko’shiriliwi tiykari’nda quri’lg’an pu’tin bir shi’g’armani’ na’zerde tutami’z. Ma’selen, ti’msallarda da haywanlar adamlardi’n’ worni’nda qatnasti’ri’li’p, wolardi’n’ ha’reketleri, yaki mu’na’sibetleri, adamlardi’n’ mu’na’sibetleri menen sali’sti’ri’p, na’tiyjede ani’qlang’an juwmaq shi’g’ari’ladi’».

Wo’mirdegi ha’r qi’yli’ ha’diyse, waqi’ya, yaki qubi’li’slardi’ obrazli’ sa’wlelendiriwde ko’p na’rselerdi ayti’w mu’mkinshiligi allegoriyali’q usi’lda jazi’lg’an qosi’qlarg’a ayri’qsha ta’n qa’siyet yekenin ko’riwge boladi’. Allegoriya (grekshe, allegoria) – basqasha bayanlaw. Ko’rkem a’debiyatta turmi’sli’q waqi’yalar, ha’diyseler tuwrali’ woy-pikirlerdi obrazli’ wo’zinin’ tuwra mag’anasi’n joytpaydi’, al, basqasha bet, kelbet ha’m tulg’alar menen ko’rinedi. G.L.Abramovichtin’ de pikiri L.İ.Timofeevti’n’ pikirine sa’ykes keledi. «Allegoriya (basqasha bayanlaw) metaforag’a jaqi’n… allegoriya shi’g’armani’n’ ba’rin

---

[1] Сонда, 137-бет.
[2] Сонда, 136-бет.

pu’tini menen wo’z ishine aladi’, allegoriyali’q shi’g’armalardag’i’ su’wretlengen maqluqlar, qubi’li’slar, predmetler arqali’ ba’rqulla basqa kelbetler, faktler, zatlar an’lati’ladi’».[1]

«Allegoriyali’q su’wretlew qaysi’ xali’qti’n’ a’debiyati’nda bolmasi’n ken’ taralg’an usi’l».[2]

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ klassik shayi’ri’ Ku’nxojani’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ni’n’ ishinde allegoriyali’q su’wretlew usi’li’nda jazi’lg’an bir qatar qosi’qlari’n ko’riwimizge boladi’.

Shayi’rdi’n’ «Sazan-aw», «Wo’lgen bali’q», «Tu’ye yekensen’», «Ushqan qus», h.t.b. qosi’qlari’ allegoriyali’q usi’lda jazi’lg’an.

Soni’n’ menen birge basqa qosi’qlari’nda da allegoriyali’q obrazlardi’ keltirip wo’tedi. Mi’sali’:

«Sur ji’lan qi’si’mlap, shayanlar sori’p,
G’i’jlag’an uwayi’m shi’qpaydi’ woyda».[3]

Bunda «sur ji’lan» ha’m «shayanlar» sol tuwri’ ma’nisinde yemes, obrazli’ tu’rde lirikali’q qaharmang’a azar bergen adamlar obrazli’ su’wretlew ushi’n qollang’an.

Yekken tari’m boldi’ ushi’q,
İslerim boldi’ qi’yi’rshi’q,
Ha’r ju’werige bir shi’mshi’q,
Ne qi’laman jaw torg’aydi’?[4]

«Jaw torg’ay» ha’m «shi’mshi’q» allegoriyalari’ Ku’nxoja jasag’an zamandag’i’ ash xali’qti’n’ jag’dayi’na qaramay sali’ng’an sali’qlar ha’m wolardi’ ji’ynawshi’lardi’ su’wretlew ushi’n qollang’an.

«Azi’wli’» qosi’g’i’nda azi’wli’ni’ xalki’ni’n’ jag’dayi’na qaramay wolardi’ qi’ynap ati’rg’an insapsi’z baylardi’n’ obrazi’ boli’p tabi’ladi’.

Bul zaman maqaw-pestey,
Qarni’ suw salg’an mestey,
Gidiripdur ba’lent-pa’stey,
Bayan yetsem azi’wli’ni’.[5]

---

[1] Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. Москва, 1966, с. 220.
[2] Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение. – Москва, просвещение, 1979. с 352.
[3] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 41-бет.
[4] Сонда, 63-бет.
[5] Сонда, 65-бет.

Si’rttan kelgen dushpanlar, uri’lar obrazli’ jarati’w ushi’n shayi’r «don’i’z qabaq» allegoriyasi’n paydalandi’.

Anaw ku’ni g’a’plette jatti’m,
Dushpani’mdi’ baylap atti’m,
Shoshqa keldi qi’li’n tartti’m,
Shalqi’p ketti don’i’z qabaq.[1]

«Wo’lgen bali’q» allegoriyasi’ arqali’ Ku’nxoja jasag’an da’wir ha’m jaqsi’ islerdi islew ushi’n jol joq yekenligin su’wretlew ushi’n qollani’ladi’.

«Qalashi’nan porsi’g’an,
Qol jiyeginde sasi’g’an,
Wo’kpesin da’rtler wosi’g’an,
Mi’na jatqan wo’lgen bali’q.
Wo’tip bastan jasli’q shag’i’,
Bul basi’nan tayi’p bag’i’,
Qurap qapti’ qabi’rshag’i’,
Porsi’pati’r wo’lgen bali’q».[2]

Qullasi’, shayi’r Ku’nxoja lirikalari’nda metafora, metonimiya, sinekdoxa, simvol ha’m allegoriyalar shayi’rdi’n’ ko’rkem so’zdin’ qa’dirin bilip, woni’ tu’rlendire alg’anli’g’i’ni’n’ gu’wasi’ si’pati’nda ko’zge tu’sedi.

## 2.2. Ku’nxoja lirikalari’nda epitet ha’m ten’ewlerdin’ qollani’li’wi’

Da’stu’riy ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ birinen yesaplang’an epitetlerdin’, ten’ewlerdin’ tawsi’lmaytug’i’n a’lwan tu’rliligi shayi’rlardi’n’ u’lken talanti’nan da’rek beretug’i’n jag’day boli’p yesaplanadi’.

Epitet zat, ha’diyse, waqi’ya, qubi’li’s, tiri maqluqlar yaki adamlardi’n’ ayi’ri’m qa’siyetlerin su’wretlew ushi’n isletiledi. Shayi’r wo’zi su’wretlep ati’rg’an na’rse, yaki waqi’ya tuwrali’ woqi’wshi’da ani’q ko’rkem tu’sinik payda yetiw ushi’n sol su’wretlep ati’rg’an zatti’n’, waqi’yasi’ni’n’, ha’rekettin’, mazmunli’q, yaki adamni’n’ qanday da bir

[1] Сонда, 66-бет.
[2] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 135-бет.

belgilep ayri'qshalandi'ri'p sa'wlelendiredi. Epitetler Ku'nxojani'n' barli'q qosi'qlari'nda da ushi'rasadi', dep aytsaq qa'telespeymiz.

«Adam tura almastay wo'zin' da'stin'de,
İylenbegen **teri gewish**-ma'sin'de,
Kiyerin'e kiyimin' joq u'stin'de,
Ladan Xoja senin' wo'zin' kim yedin'?»[1]

Bunda gewishtin' qanday materialdan yekenligin, yag'ni'y, woni'n' sapasi'ni'n' belgisi «teri» epiteti arqali' berilgen.

Shayi'r poeziyasi'nda epitetler joqari'dag'i' mi'saldag'i'day tuwri' ma'nisinde yemes, soni'n' menen birge awi'spali' obrazli' tu'rde de qollani'ladi'.

«Jetkersin allag'a bende nalasi'n,
Taba almay ju'r izlese panasi'n,
**Qara jer** alg'an son' ata-anasi'n,
Bir basqa g'amku'nlik keldi yaranlar»[2].

«Qara jer» epitetin liriali'q qaharmani'ni'n' qaharmanni'n' qayg'i'-da'rtlerin qulati'w ushi'n da qollani'lg'an. Ko'pshilik shayi'r ha'm jazi'wshi'lar, uli'wma xali'q tilinde jerge baylani'sli' «qara» epiteti a'dette birew a'lemnen wo'tkende, yaki sog'an baylani'sli' jag'daylarda qollani'ladi'. Joqari'dag'i' mi'sallarda lirikali'q qaharmanni'n' ata-anasi'ni'n' wo'limine baylani'sli' «qara jer» epiteti paydalang'an

«Qara» epiteti Ku'nxoja poeziyasi'nda ko'binese qayg'i' ha'm azapti' su'wretlew ushi'n qollang'anli'g'i'n bayqaymi'z.

Mi'sali':

1. «Soni'n' ushi'n bul du'nyada yi'g'larman,
Azan bilen **qara bag'ri'm** dag'larman,
Qashan waqti'm, baxti'm kelip **shag'larman**,
Adamni'n' ruxi' gada yaranlar».[3]

2. «Azap-aqi'retten quti'li'p,
Aldi'mi'zg'a umti'li'p,
**Qara qayg'i'** dushpang'a kelip,
Ju'rer ku'nler bolar ma yeken?»[1]

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Нөкис, 1960, 132-бет.
[2] Сонда, 97.
[3] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 37-бет.

3. «**Qaran'g'i'** kesh qayg'i' menen tu'nergen,
Tu'rshigip ha'm menin' kewlim yelergen.
Menin' ku'nim qaran'g'i'li'q, ham de tu'n,
Ay juldi'z da  nur sa'wlesin bermegen»[2]

Sonday-aq, «qara» so'zi ren'di bildiriw ushi'n da qollani'lg'an wori'nlari' da bar.

Mi'sali':

**Qara qaslari'n' qi'yi'li'p**,
Bayqasam **belin' tawlani'p**.[3]

Bazi' birewler epitetler bir na'rsenin', yaki adamni'n' si'rtqi' kelbetinin' su'wretleniwi ushi'n xi'zmet atqaradi', dep woylawi' mu'mkin. Ku'nxojani'n' qosi'qlari'ndag'i' epitetler bir zat, yaki insanni'n' si'rtqi' ko'rinisin belgi yamasa qa'siyetlerin ko'rsetip sheklenbeydi, al woni'n' ishki mag'anasi'n, muzmuni'n toli'g'i'raq ashi'wg'a xi'zmet qi'ladi', emocional ta'sirlerdi ku'sheytip su'wretleydi. Shayi'rdi'n' «Kelin» qosi'g'i'nda usi'nday qa'siyetke iye epitetler ko'plep qollani'lg'an.

Shashi'n' uzi'n, betin' appaq,
Qaslari'n' qiyg'ash, aq tamaq.

Qi'si'm-qi'si'm bellerin',
Shiyrinnen tatli' tillerin',
Jawdi'rap yeki ko'zlerin',
Tutqi'n boli'p tursan' kelin.[4]

Bul mi'salda, «appaq», «uzi'n», «aq», «qi'si'm-qi'si'm», «tatli'» epitetleri kelinnin' pazi'yletlerin yele de go'zzali'raq yetip ko'rsetiw ushi'n woni'n' ruwxi'y halati'n sa'wlelendiriw ushi'n qollang'an.

Ku'nxoja lirikasi'nda «qi'zi'l»epiteti de bir neshe ma'nislerde qollani'lg'an.

1. «**Qi'zi'l tilim** boldi' ayg'aq,
Ayaq bassam ba'ri tayg'aq,
Ko'z salmayman eken qayaq,
Biz sorli'g'a jaz keler me?»[5]

---

[1] Сонда, 44-бет.
[2] Сонда, 106-бет.
[3] Сонда, 81-бет.
[4] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 81-бет.
[5] Сонда, 118-бет.

2. Jasi’n’nan jetilip du’nyag’a shi’g’i’p,
Asi’q woynap, woyi’n toplari’n ji’yi’p,
Jaz bolsa birewdin’ i’lag’i’n bag’i’p,
Sho’llerdi ha’m **qi’zi’l** qumdi’ ko’rersen’»[1]
3. «Sari’li’p ku’n-tu’n qoydi’n’ izinde,
Qan qalmay sarg’ayi’p **qi’zi’l** ju’zin’de,
**Qanli’** jas qaplani’p yeki ko’zin’de,
Qula du’zde ju’rgen mi’naw shopanlar».[2]

4. U’sh ag’ash tur ken’ maydanda,
Wornalasi’p **qi’zi’l** qang’a,
Qi’yi’li’p ha’m shi’bi’n jan da,
Turg’anlari’n umi’tpaspan».[3]

Birinshi mi’salda «qi’zi’l» so’zi adamni’n’, yag’ni’y lirikali’q qaharmanni’n’ shayi’rli’g’i’n, so’zdin’ qa’dirin biletug’i’ni’n bildiriw ushi’n, yekinshi mi’salda ren’ ma’nisinde, u’shinshi mi’salda adamni’n’ jaqsi’ ha’m jaman hal-jag’dayi’n sa’wlelendiriw ushi’n, to’rtinshi mi’salda tuwri’ ma’nisin, qanni’n’ ren’inin’ qi’zi’lli’g’i’na baylani’sli’ qollang’an. Demek, qi’zi’l so’zinin’ wo’zin shayi’r bir neshe tu’rlendirip, ma’nilik jaqtan bayi’ti’p qollang’an.

Shayi’r lirikasi’nda metallar ha’m wonnan islengen buyi’mlardi’n’ sapasi’na qarayda bir neshe epitetler qollang’an. Mi’sali’:

Tumag’asi’ **zerli gu’mis**,
Bag’ ishinde tu’rli jemis,
Hesh jerinde bolmas kemis,
Ju’rgen quslar kerek mag’an.
Sharshamastay **polat tuyaq**,
Dal bedewler mag’an kerek.[4]

Mi’sallardag’i’ «zerli» so’zi gu’mistin’ sapali’q qa’siyetin an’lati’w ushi’n qollansa, «polat» so’zi obrazli’ tu’rde tuyaqti’n’ qatti’li’g’i’, atti’n’ shabi’si’ni’n’ tezligine baylani’sli’ qollani’lg’an.

---

[1] Сонда, 77-бет.
[2] Кунхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 55-бет.
[3] Сонда 84-бет.
[4] Сонда, 120

Ku’nxoja lirikasi’ndag’i’ epitetler tiykari’nan adamni’n’ minez-qulqi’n, psixologiyali’q halatti’ su’wretlew ushi’n da qollani’ladi’. Mi’sali’:

1. Ti’n’lan’ menin’ pida’ arzi’-hali’mdi’,
Wo’zin’ jetkergeysen’ i’ri’sqali’mdi’,
Qi’ynap zali’m menin’ **shi’bi’n jani’mdi’**,
Ata-anamdi’ jerler qushti’ yaranlar.[1]

2. **Qaraqayg’i’** dushpang’a kelip,
Ju’rer ku’nler bolar ma yeken?

3. Yerten’ine ja’ne barar uyalmay,
Arsi’z woyi’n-ku’lki jigirma beste.[2]

Birinshi ha’m yekinshi mi’sallarda «Shi’bi’n jan» ha’m «qara qayg’i’» epitetleri lirikali’q qaharmanni’n’ qi’ynalg’an, awi’r azapli’ halati’n sa’wlelendirse, «ari’z» epiteti ma’slikke ta’n si’patti’ beriw ushi’n qollang’an.

Adamni’n’ qa’siyetlerin, ayri’qsha belgilerde atap ko’rsetiw ushi’n qollani’lg’an epitetler:

«Ko’zin tawi’p ha’r bir istin’,
Bari’n jumsap xa’mme ku’shtin’,

Quw keynimnen wo’tken wo’shtin’,
**G’ayratli’** yari’m qayti’p kel».[3]

«Qaynag’an i’ssi’da qumlardi’ basi’p,
**Alaqlap** ko’zleri, aqi’ldan **sasi’p**,
Qoyi’ jayi’lg’anda arqasi’n qasi’p,
Ku’ni ushi’n ju’rgen **g’a’rip** shopanlar».[4]

Bul si’yaqli’ mi’sallarda shayi’r poeziyasi’nda ko’plep lirikali’q qaharmang’a ishki ku’sh beriw maqsetinde qollang’an bolsa, keyingi mi’salda, lirikali’q personajdi’n’ (shayi’rlardi’n’) qi’yi’n awhali’n sa’wlelendiriw ushi’n berilgen.

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Нөкис, 1960, 37-бет.
[2] Сонда, 57-бет
[3] Сонда, 50-бет.
[4] Сонда, 56-бет.

Haywan yaki basqa zatlar ushi’n qubi’li’slardi’n’ ayri’qsha belgilerin bildiriw ushi’n qollani’lg’an epitetler:

1. Qarasi’n u’zip ketpese,
Arti’qsha qari’w yetpese,
**Qashaq** qoyang’a jetpese,
**Qayi’q** tazi’ nege kerek?

2. Wo’z waqti’nda jawmasa,
**Qara jamg’i’r** nege kerek.

3.To’besi bultqa tiymese,
**Asqar tawlar** nege kerek.[1]

4. Quwani’si’p woynamasa,
**Quw wo’mirler** nege kerek?[2]
5. **Shag’alali’ ko’ldey** shalqi’may,
Xojam sag’an ne boldi’.[3]

Mi’sallarda qollang’an epitetler tiykari’nan haywanlardi’n’, ta’biyat qubi’li’slari’ni’n’ qa’siyetlerin si’patlaw ushi’n qollang’an. «Quw wo’mirler» epiteti bolsa «wo’mir»din’, turmi’sti’n’ awi’rli’g’i’n ta’riyiplew ushi’n isletilse, son’g’i’ mi’salda bolsa «shag’ala» so’zine kelbetlik jasawshi’ qosi’mta qosi’li’w arqali’ ko’ldin’ sapali’q belgisin bildirgen.

Uli’wma, shayi’r lirikasi’nda epitetlerdin’ bir neshe ma’nilerde qollani’lg’anli’qlari’n ko’remiz. Ku’nxoja shi’g’armasi’ndag’i’ epitetler wo’z aldi’na teren’ u’yreniwdi talap yetedi.

**Ten’ewlerde** troplardi’n’ bir tu’ri boli’p, woni’n’ jasali’wi’ wo’zgeshe si’patqa iye. Bunda yekinshi bir na’rsenin’ belgilerinin’ ja’rdeminde basqa birewinin’ belgilerin ani’qlaw maqsetinde yeki qubi’li’s jaqi’nlasti’ri’ladi’.

Ten’ew ku’ta’ a’yyemgi zamanlardan beri xali’qlardi’n’ awi’z yeki ha’m jazba a’debiyati’nda isletilip kiyati’rg’an su’wretlew qurali’ yekeni belgili. Ku’nxoja shayi’rdi’n’ wo’zin qorshag’an wortali’qtag’i’ ja’miyetlik qubi’li’slarg’a, yeki adamg’a ha’m ken’ ja’ma’a’tke qarati’lg’an woy-pikirlerin yele de teren’irek ashi’w ushi’n wolardi’ qollang’an ten’ewlerdi u’yreniw a’hmiyetli. Ku’nxoja shi’g’armalari’nda ten’ewler «day», «dey», «tay»,

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 95-бет.
[2] Сонда, 96-бет
[3] Сонда, 51-бет.

«tey», «sha», «she» si’yaqli’ qosi’mtalar ha’m ten’ewshi xi’zmet atqaratug’i’n «kibi», «yan’li’», «megzer», «megzes», «usag’an», «misli», «mi’sali’», «ta’rizli» h.t.b. qosi’mta ko’mekshi so’zlerdin’ ja’rdemi menen jasalg’an.

Ku’nxojani’n’ lirik qaharmani’ni’n’ si’n-si’mbati’, minez-qulqi’, a’debiy ha’m socialli’q turmi’s ta’rizi janli’ tirishliktin’ arqawi’ bolg’an ta’biyat qubi’li’slari’na ten’lestirilip su’wretlenedi.

«**Da’ryaday** boli’p aqpasa,
Quri’ bati’r nege kerek?
**Ku’ndey** ku’lip jaynamasa,
**Quw** wo’mirler nege kerek?».[1]

Ten’ewler quri’li’si’ boyi’nsha toli’q yemes ten’ewler ha’m toli’q ten’ewler boli’p yekige bo’linedi. Toli’q ten’ewde ten’eliwshi predmet, ten’lestiriwshi predmet ha’m wolarg’a uli’wma wortaq, uqsas belgi, sonday-aq, ten’estiriwshi predmet, element birge keledi. Mi’sali’,

A’rmanda, da’rmanda **darayi’ kibi**,
Wo’mir wo’tti **quyi’m kibi, jel kibi**.
A’rmanda wo’tken Da’wletyarbek kibi,
Bul wo’mirin a’rmandadur a’rmanda.[2]

Bunda ten’eliwshi predmet «wo’mir», «a’rmanda wo’tiw», ten’estiriwshi na’rse «darayi’», «quyi’n», «jel», Da’wletyarbek ha’m ten’ew elementi «kibi» ko’mekshi so’zi berilgen. Al, ten’eliwshi ha’m ten’lestiriwshi na’rselerdin’ wortasi’ndag’i’ uqsasli’q belgiler tu’sirilip qaldi’ri’lg’an.

Ku’nxoja shi’g’armalari’nda toli’q ten’ewler de ko’plep ushi’rasadi’. Toli’q ten’ewlerde a) ten’eliwshi predmet – ten’elip ati’rg’an obekt; b) ten’lestiriwshi predmet – uqsawshi’ obraz; v) ten’eliwin ha’m ten’lestirilgen na’rselerdin’ uqsasli’q belgisi – uqsati’w belgisi; g) – day, dey, sha, affiksleri menen kibi, si’yaqli’, misli, yan’li’ ha’m tag’i’ da basqa leksikali’q birlikler toli’q qatnasadi’.

Kirpiksheshen kibi mennen ji’yi’ri’li’p,
Mi’naw ju’rmen bu’kireyip, iyrilip,
Arqam jawi’r boldi’ qaptan si’yri’li’p,
So’zimnen bolmasa, ku’shim joq boyda.[3]

---

[1] Сонда, 96-бет.
[2] Күнхожа Ибрайым улы. Нөкис, 1960, 101-бет.
[3] Сонда, 41-бет.

Bunda 1) ten'eliwshi predmet, yag'ni'y ten'elip ati'rg'an obekt «mennen», 2) ten'estiriwshi predmet, yag'ni'y uqsawshi' obraz kirpiksheshen; 3) ten'eliwdi ha'm ten'lestiriwshi na'rselerdin' uqsasli'q belgisi, yag'ni'y uqsati'w belgisi – «ji'yi'ri'li'p», «ten'ew elementi kibi» so'zi.

G.L.Abramovich ten'ewlerdi formasi' boyi'nsha «tuwra ten'ewler ha'm biykarlawshi' ten'ewler» [1]- dep yekige bo'lip qaraydi'.

Tuwra ten'ewlerde sali'sti'rmali' su'wretlenip ati'rg'an ten'ewshi na'rse menen ten'lestiriwshi na'rsenin' uqsas si'pati' tuwri'dan-tuwri' tasti'yi'qlang'an formada beriledi. Mi'sali'.

Jarqi'raysan' tu'ngi jang'an,
Gawhar alti'n **shi'raqtay**,
Sonnan kelip ju're almaysan',
Tu'ngi ushqan **tawi'qtay**.[2]

Bunda, ten'ewshi element jasi'ri'n turi'pti', ten'lestiriwshi «shi'raq», «tawi'q», ten'ew element «-tay» qosi'mtasi' menen birgelikte tu'ngi jang'an shi'raqtay, tu'ngi ushqan tawi'qtay yekenligi «ju'realmaysan'», «jarqi'raysan'» tasti'yi'qlawshi' so'zleri menen uli'wma mazmunni'n' duri'sli'li'g'i'n, tasti'yi'qlag'anli'g'i'n su'wretlep tur. Demek, keltirilgen ten'ew toli'q yemes, tuwra ten'ew.

Al, biykarlawshi' (keri) ten'ewlerdin' si'rtqi' ko'rinisi bir qubi'li'sti'n' basqasi'nan wo'zgesheligine tiykarlani'li'p quri'ladi', solay bolsa da, basqa ten'ewlerdegi si'yaqli' ishki mazmuni' boyi'nsha ten'eliwshi predmet penen ten'lestiriwshi predmet bir-birin aydi'nlaydi', wolar jaqi'nlasti'ri'ladi'. Mi'sali':

«Ku'ndey ku'lip jaynamasa,
Bu'lbil boli'p sayramasa,
Quwani'si'p woynamasa,
**Quw** wo'mirler nege kerek?».[3]

Mi'salda, wo'mirde ku'ndey boli'p jaynawi', bu'lbildey boli'p sayrap, quwani'p woynawi' si'yaqli' tu'sinikler baykarlani'p su'wretlenip, «quw» epiteti arqali' wori'nlanbay qalg'an, biykarlang'an jag'day tilge ali'ng'an. Lirikali'q qaharman wo'mirdi quwani'p, shadlani'p, ku'ndey jaynap, bu'lbil si'yaqli' sayrap jasawdi' qa'leydi. Biraq, wol jasag'an socialli'q sha'rayat buni' biykarlaydi'. Sonli'qtan ten'eliwshi ha'm ten'lestiriwshi obektler

[1] Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение. –Москва, Просвещение, 1979, с.153.
[2] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 112-бет.
[3] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 96-бет.

arasi'ndag'i' uqsasli'q belgisin ta'miyinlewshi so'zler «ji'ynaw», «sayraw», «woynaw» so'zleri boli'msi'zli'q qosi'mtasi'n qabi'l yetiw arqali' woni'n' biykarlani'wi'n ko'rsetip tur.

Ku'nxoja lirikali'q qosi'qlari'nda ten'ewler ko'pshilik jag'dayda atli'qlardi'n' qatnasi'wi'nda jasaladi'. Mi'sali':

Jesir qati'n, jetim ullar,
Tentirep **botaday bozlar**,
Shabaqqa sati'ldi' qi'zlar,
Ha'siret qayg'i' boldi' zaman.[1]
2. Maqtumquli' **mag'riptey** aldi'n'di' bolja,
Qi'sqart so'zdi yendi sag'an joq olja,[2]
3. Basi'n'da ju'rip men yeteyin da'stan,
Qi'ri'mni'n' **qi'ri'nday tu'rin'** Qi'zi'l qum.[3]

A'jiniyaz shi'g'armalari'nda ten'ewlerdin' jasali'w qubi'li'si'ndag'i' ten'eliwshi predmetke ten'estiriwshi predmetin tan'law to'mendegidey wo'zgesheliklerde a'melge asi'ri'lg'an.

1) Ten'eliwshi predmetke ten'estiriwshi predmet si'pati'nda belgili adamlardi'n', shayi'rlardi'n' atlari' tan'lap ali'nadi'. Mi'sali':

1. Ko'p jasag'an tu'ye wolja,
**Maqti'mquli'day** aldi'n' bolja,
A'were bolg'an Ku'nxoja,
Zamani'n'da tu'ye yekensen'.[4]
2. A'rmanda wo'tsen' **Da'wletyarbek kibi**,
Bul wo'mirin' a'rmandadur, a'rmanda.[5]

2). Ten'eliwshi predmetke ten'estiriwshi predmet si'pati'nda ta'biyat qubi'li'slari' tan'lanadi':

Qoli'mnan mali'm ketkenli,
**Jang'an wottay** tutandi'm.[6]

3). Ten'eliwshi predmetke ten'estiriwshi predmet si'pati'nda bezeniw buyi'mlari', taslar qollani'ladi'.

1. Woynap ju'rgen balalari'm,

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 122-бет.
[2] Сонда, 125-бет.
[3] Сонда, 54-бет.
[4] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 89-бет.
[5] Сонда, 101-бет.
[6] Сонда, 79-бет.

Ko’z **monshaqtay ullari’m**.[1]

4) Ka’sipke baylani’sli’ ten’eliwshi ha’m ten’estiriwshi predmettin’ tan’lap ali’ni’wi’.

Xalqi’n’di’ sorasa **zuli’m** patshalar,

**Qassap yan’li’** ku’ni kesher dar bilen.[2]

5) Ten’ewshi predmetke ten’estiriwshi predmet si’pati’nda wo’simlikler ten’ewler;

1. Ashli’q boli’p **gu’ldey** soldi’,

Adi’m ati’p ju’re almay.[3]

2. Wortag’a shi’g’ari’p su’n’gime ku’lip,

**Tari’day to’gildi** nami’s ha’m ari’m.[4]

6) Haywan yaki basqa na’rselerdin’ ishki ag’zalari’na baylani’sli’ jasalg’an ten’ewler;

Sawri’si’p ko’rsen’ **qalaqtay**,

Wo’kpesi isken **talaqtay**.[5]

Shayi’r shi’g’armalari’nda basqa so’z shaqaplari’na ten’ew qosi’mtalari’ yaki ko’mekshi so’zler isletiwi arqali’ ten’ewlerdin’ jasalg’an tu’rleri ushi’rasadi’.

Ku’nxoja shi’g’armalari’nda kelbetlik feyillerden jasalg’an ten’ewler ko’plep ushi’rasadi’. Mi’sali’:

1. Menin’ balam bala yedi,

Dushpannan wo’sh **alg’anday**,

Menin’ balam sonday yedi,

Jawg’a woyran **salg’anday**.[6]

Arbalap to’gin **to’kkendey**,

Taqi’yalap tuqi’m **sepkendey**,

Asi’mdi’ jep bir **yekkendey**.[7]

Kelbetliklerden jasalg’an ten’ewler de wo’zgeshelik penen qollang’an.

1. Gidiripdur **ba’lent-pa’stey**,

Bayan yetsem azi’wli’ni’.[8]

Sanli’qlardan jasalg’an ten’ewler:

Jalg’i’z bolsa da **mi’n’day** mag’an,

Aytarli’q so’z usi’ sag’an.[1]

---

[1] Сонда, 78-бет.
[2] Сонда, 92-бет.
[3] Сонда, 71-бет.
[4] Сонда, 68-бет.
[5] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 65-бет.
[6] Сонда, 71-бет.
[7] Сонда, 63-бет.
[8] Сонда, 65-бет.

Juwmaqlap aytqanda, Ku’nxojani’n’ lirikasi’nda epitet ha’m ten’ewler yen’ yerte zamanlardan berli kiyati’rg’an ko’rkem suwretlew qurallari’ si’pati’nda lirikali’q, qaharmanni’n’ kewil keshirmelerin su’wretlewde sheber qollang’an.

Shayi’r soni’n’ menen ten’ewlerdi de, epitetlerden de wo’zinin’ klassli’q ko’zqarasi’na bag’i’ndi’ri’p qollanadi’. U’stem toparlardi’n’ tipin ani’qlap tu’sindiriw ushi’n, wolardi’n’ zuli’mli’g’i’n, jawi’zli’g’i’n, iplasli’g’i’n ashatug’i’n ten’ewler tabadi’, wol miynetkesh xali’qti’n’ wa’killerin su’wretlegende, wolardi’n’ awi’r turmi’si’n, jaqsi’ adamgershilik minezlerin, wolarg’a degen wo’zinin’ ayawshi’li’q sezimlerin, tileklesligin bayanlaytug’i’n ten’ew, epitetlerdi tabadi’.

Ma’selen:

Xalqi’n’di’ sorasa zali’m patshalar,
Qassap yan’li’ ku’ni kesher dar bilen.[2]

Bundag’i’ «zali’m» so’zi patshani’n’ ani’qlawshi’si’-epitet «qassap yan’li’» ten’ew. Bul jerdegi turmi’s haqi’yqatli’g’i’n tu’sindiriwinde shayi’r sheberligi ayqi’n ko’zge taslanadi’.

Shayi’r shi’g’armalari’nda ten’ew ha’m epitetlerdin’ jeke ha’m qospali’ tu’rleri de sheberlik penen qollani’lg’ani’n bayqaymi’z. Na’tiyjede, Ku’nxoja lirikasi’nda ko’rkemlew qurallari’ni’n’ ha’r biri tu’rli maqsetlerde qollani’w mu’mkinshiligine iye bolg’an. Sonli’qtan, bul ta’replerin arnawli’ u’yreniw maqsetke muwapi’q.

---

[1] Сонда, 60-бет.
[2] Сонда, 92-б.

## III bap. Ku’nxoja shi’g’armalari’nda ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ mazmun ha’m formani’ sho’lkemlestiriwdegi a’hmiyeti.

### 3.1. Ku’nxoja lirikalari’nda parallelizm ha’m gradaciyalardi’n’ qollani’li’wi’

Ku’nxoja lirikasi’ndag’i’ ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ ko’rkem mazmundi’ ha’m qosi’qti’n’ si’rtqi’ formasi’n sho’lkemlestiriwdegi, teren’lestiriwde a’hmiyeti boyi’nsha toli’g’i’raq tu’sinikke iye boli’w ushi’n parallelizm ha’m gradaciyalardi’n’ ritorikali’q sorawlardi’n’ shayi’r poeziyasi’nda qollani’w wo’zgesheliklerine toqtap wo’tkenimiz maqul.

Parallelizm yen’ tiykarg’i’ qa’sieytlerinin’ biri bir qosi’q qatardag’i’, juwmaqtag’i’ yeki yaki yeki ten’ewden arti’q birgelikli quri’li’stag’i’ qubi’li’s yaki sintaksislik birliklerdin’ qatar jaylasti’ri’li’wi’ boli’p yesaplanadi’.

Qa’legen na’rse yamasa qatar kelse bul parallelizm usi’li’ bola bermeydi. Qatar qoyi’latug’i’n na’rse yamasa qubi’li’sti’n’ arasi’nda qanday da bir ma’nilik yaki ti’msalli’q baylani’s boli’wi’ kerek.

Poeziyada parallelizmler lirikali’q qaharman psixologiyasi’n ashi’p beriwde u’lken rol woynaydi’.

A’sirese, filosofiyali’q, didaktikali’q woy-pikirlerdin’ sa’wleleniwinde ko’rkemlikti ta’miyinlew ushi’n parallelizmler qollani’ladi’. Bunday sezimler arqali’ ideyani’ jetkeriw tematikali’q ha’m psixologiyali’q parallelizmler arqali’ a’melge asadi’.

İnsan qorshag’an wortali’qti’ sali’sti’ri’p ko’riwler arqali’ tu’sinedi. Adamdag’i’ du’nyani’ an’law go’zzalli’q ha’m si’qi’lsi’zli’qti’n’ jaqsi’li’q ha’m jamanli’q, su’yiw ha’m jek ko’riw arasi’ndag’i’ shegaralar menen sali’sti’ri’p ko’riwlerden, yag’ni’y parallel qoyi’p bahalawlardan baslanadi’. Ha’r qanday shayi’r do’retken poetikali’q du’nyani’ ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ biri bolg’an parallelizmlersiz toli’q an’lawi’mi’z mu’mkin yemes. Ku’nxoja shayi’r lirikasi’da parallelizmlerge ku’ta’ bay boli’p keledi. Shayi’r parallelzimleri lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y jelisindegi hal-jag’daylardi’ ko’rkem su’wretlewde sapali’ ra’wishte paydalani’ladi’. Parallelizmler lirikali’q subekttin’ filosofiyali’q, didaktikali’q, intim tolg’ani’slari’ni’n’ sa’wleleniw ko’rkemligin ta’miyinleydi. Ku’nxoja lirikasi’nda parallelizmler shi’g’armani’n’ ko’rkem mazmuni’na ja’ne de teren’ emocionalli’q beriw ushi’n xi’zmet atqaradi’. Biz shayi’r lirikasi’ndag’i’ parallelizmlerdi tematikali’q ha’m psixologiyali’q parallelizmler dep, quri’li’si’ boyi’nsha sintaksislik parallelizmler, sonday-aq lirikali’q qaharmanli’q psixologiyasi’n ashi’wg’a bag’darlang’an psixologiyali’q

parallelizmlerdin’ wo’zin 1) lirikali’q qaharman ha’m si’rtqi’ wortali’qti’n’ parallel qoyi’li’wi’ arqali’ jasalg’an parallelizmler; 2) lirikali’q qaharman ha’m lirikali’q personajdi’n’ parallel qoyi’li’wi’ arqali’ parallelizm usi’li’ni’n’ payda yetiliwi ha’m 3) lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimlerinin’ wo’z-wo’zine parallel qoyi’li’wi’ arqali’ payda yetiliwi wo’zgeshelerin so’z yetemiz. Soni’n’ menen birge parallelizmlerdin’ qosi’q du’zilisin sho’lkemlestiriwdegi ha’m qosi’qti’n’ ko’rkemlik ta’sir ku’shin arti’wdag’i’ worni’n yesapqa ala woti’ri’p alliteraciyali’q, anaforali’q, strofali’q, intonaciyali’q parallelizmlerdin’ de Ku’nxoja shi’g’armalari’nda qollani’w wo’zgesheliklerin, wolardi’n’ uyqas, i’rg’aq ha’m ba’nt birliklerin sho’lkemlestiriwdegi a’hmiyetine de itibari’mi’zdi’ qaratami’z.

Bizge belgili qosi’qti’n’ bir qatari’ndag’i’ qandaydur yeki yaki yekewden arti’q birgelki quri’li’stag’i’ shuwmaqlardi’n’ qon’si’las jaylasti’ri’li’wi’ sintaksislik parallelizm dep ataladi’. Sintaksislik parallelizmge Ku’nxojani’n’ lirikali’q qosi’qlari’nan mi’sal keltiremiz.

1. Qosi’qti’n’ bir qatari’ndag’i’ yeki yaki yekewden birgelki so’z dizbeklerinen jasalg’an parallelizmler.

Alla bizdi yen’iretti, ji’latti’,
Saw denemdi tespey zali’m qanatti’,
Qaysi’ yeller, qaysi’ shahlar abatti’,
Qulaq sali’n’ bul so’zime yaranlar.[1]

2) Qosi’q shuwmag’i’nda ga’p quri’li’slari’ birdey yeki yamasa yekewden arti’q qatarlardan jasalg’an parallelizmler:

Abdimurat molla İbrayi’m menen,
Ja’ne qaptali’mda İzmurat geren’,
Qi’tay, qon’i’rat ha’m de qali’n’ yel menen,
Ata-babam awqat yetken jaylawi’m.[2]

yaki: Shag’alali’ ko’ldey shalqi’may,
Xojam sag’an ne boldi’?
Qorg’asi’nday balqi’may,
Xojam sag’an ne boldi’?[3]

3) Yeki yamasa yekewden arti’q birgelki quri’li’stag’i’ shuwmaqlardi’n’ qon’si’las jaylasti’ri’li’wi’ na’tiyjesinde jasalg’an parallelizm:

G’a’ziyne toli’si’ alti’n aqshani’n’,

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 34-бет
[2] Сонда, 31-бет.
[3] Сонда, 51-бет.

Ha'wli-ha'rem ja'ne bag'i'-baqshani'n',
Xali'qti' sorap turg'an xani'w-patshani'n',
Shalqi'g'ani' g'arip-qa'ser yel bila'n.
Maruertten sali'ng'an saray jaylardi'n',
Aspandag'i' jaqti', jari'q aylardi'n',
Mi'sali' ko'p du'nyada mun'si'z baylardi'n',
Shalqi'wi'na sebep sorli' qul bila'n.[1]

Bul qatarlardag'i' da'slepki shuwmaqtag'i' «alti'n aqsha», «bag'i'-baqsha», «xani'w-patsha»lardi'n' shalqi'wi' yekinshi shuwmaqtag'i' «saray jaylardi'n'», «jari'q aylardi'n'», «mun'si'z baylardi'n'» so'zlerine parallel qoyi'lg'an quramali' juwmaqlang'an ga'p konstrukciyada parallelizmnin' na'tiyjesinde payda bolg'an. Shayi'rdi'n' usi'nday yetip pikir dawami'yli'g'i'n bir neshe shuwmaqlarda parallel beriwi woni'n' lirikasi'nda parallelizmlerdin' ma'nilik sho'lkemlestiriwshilik xi'zmetin ayri'qshalandi'ri'p turg'anli'g'i'nan da'rek beredi.

Tematikali'q parallelizmler de Ku'nxoja shi'g'armalari'nda shayi'rdi'n' individualli'g'i'n, ashi'wg'a ja'rdem beretug'i'n ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' biri.

Aspang'a usharsan' bolsa qanati'n',
Shad bolarsan' shadli' bolsa yelati'n',
Xalqi'n' menen bolsa tilek-murati'n',
Sapa su'rsen' uzaq sapa ji'l bila'n.[2]

Birinshi qatarg'a parallel ra'wishte rawajlandi'ri'lg'an yekinshi ha'm u'shinshi qatardag'i' woy-pikir uli'wma wo'z juwmag'i'n yen' son'g'i' qatarda, yag'ni'y, ba'ntte tali'qlang'anli'g'i'n ko'remiz. Birinshi qatardag'i' «Aspang'a usharsan' bolsa qanati'n'» dizbegindegi mazmun filosofiyali'q woy-pikirler yesabi'nda wo'z aldi'na tamamlang'an pikirdi bildiredi. Tematikali'q jaqtan didaktikali'q-filosofiyali'q ushqi'r ko'rkem woy juwmag'i'n sa'wlelendirgen. Bul qatardag'i' sa'wlelengen mazmundi' wo'z aldi'na ali'p qarasan', yekinshi qatardag'i' «shad bolarsan' shadli' bolsa yelati'n'» konstrukciyasi'ndag'i' mazmuni' menen baylani'sli' joqtay. Yekinshi qatarda filosofiyali'q woy hu'kimlik yetken boli'p, awi'zbirshilikli boli'w tu'sinigi haqqi'ndag'i' ideyani' qozg'aydi'. Wolardi'n' ba'rin bir shuwmaqqa ja'mlep, uli'wma parallel mazmundag'i' qatarlarda ba'ntlik mazmunda ali'p qarasan' qatarlarda sa'wlelengen ha'r tu'rli temalardag'i' mazmunlar ja'mlesip uli'wma mazmun ashi'ladi'.

---

[1] Сонда, 93-бет.
[2] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 92-бет

Shayi’rdi’n’ usi’ si’yaqli’ qosi’q qatarlari’n quri’wdag’i’ sheberligin woni’n’ talantli’ shayi’r bolg’anli’g’i’nan da’rek beredi.

Ku’nxoja lirikasi’nda lirikali’q qaharmanni’n’ ishki keshirmelerin sa’wlelendiretug’i’n ha’m lirikali’q xarakterdi ashi’wdag’a tikkeley qatnasatug’i’n psixologiyali’q parallelizmler du’nyasi’ wo’z aldi’na u’yreniwdi talap yetedi. Shayi’r poeziyasi’ndag’i’ psixologiyali’q parallelizmlerdin’ wo’zgesheligi sonda, wol lirikali’q qaharman menen jasaydi’. Bunda lirikali’q qaharman ha’m si’rtqi’ wortali’qti’n’ parallel qoyi’li’wi’ negizinde jarati’lg’an parallelizmler ayri’qsha a’hmiyetke iye. Bul shayi’rdi’n’ derlik zamanda socialli’q turmi’s ma’selelerin so’z yetetug’i’n barli’q lirikalari’nda ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Shali’qlap maqsetli jerge baralmay,
Qatar-qurbi’ menen da’wran su’re almay,
Bir tapqani’m bir tapqang’a quralmay,
Bes tabaqtan aspay sol ji’l qi’rmani’m.[1]

Bunda parallel berilgen woy-pikirler lirikali’q qaharmanni’n’ zamang’a narazi’li’g’i’, turmi’s qi’si’mi’nan, socialli’q a’dilsizlikten payda bolg’an mun’li’, ha’siretli sezimleri ja’miyetlik du’zimdi qaytari’p jiberiwge, astan-kesten revolyuciya islewge shaqi’rmaydi’. Lirikali’q qaharman wo’zi ta’rbiyalang’an islam dini ruwxi’nan, woni’n’ sha’riyat ta’rtiplerinen, talaplari’nan, payg’ambar ha’diyselerinin’ wa’siyatlari’ menen na’siyatlari’nan kelip shi’g’i’p, wo’zinin’ ishki ruwxi’y halati’n sa’wlelendiredi. Bul psixologiyali’q parallelizmlerinin’ u’lgisi boli’p tabi’ladi’.

Shayi’rdi’n’ «Jetimnin’ haqi’n jep qoyma» atli’ qosi’g’i’nda adamlardi’ insapqa, qan’a’a’tke, adamgershilikke shaqi’ri’wshi’ ideyalarg’a toli’. Ha’r qanday ja’miyette de ushi’rasatug’i’n ta’biyiy jag’daylardi’n’ biri bul mun’li’ jetimlerdin’ bar boli’wi’. Al, usi’ jetimlerdin’ kewlin qabarti’w bolsa ulli’ gu’na. Biraq, bul na’rseni gu’na dep bilmegen shaxslar da ushi’rasi’p turadi’. Mine, usi’ jag’daydi’ shayi’r ju’da’ wo’tkir filosofiya arqali’ jetkerip beredi:

Uwayi’msi’z as ishsen’ su’yegin’ balqi’r,
Hasi’l as ishpesen’ suwda sho’p qalqi’r,
Birazlar jetimnin’ haqi’n jep shalqi’r,
Sen woni’n’day jetim haqi’n jep qoyma.[2]

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. 1960, 67-бет
[2] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 124-бет

Shuwmaqta parallelizmnen sheber paydalani’lg’an. Birinshi qatar qayg’i’-uwayi’mnan biygana bolg’an personajlardi’n’ halati’n bildirse, yekinshi qatar birewdin’ haqi’si’n jewge u’yrengen biyiksap adamlardi’ a’shkaralaydi’. «Suwda sho’p qalqi’r» dizbegin qollani’wdan maqset, avtor bul arqali’ urli’q istin’ ba’ribir qalqi’p turatug’i’nli’g’i’, suwdag’i’ sho’ptey attan ani’q ko’rinip turatug’i’nli’g’i’n aytadi’. U’shinshi qatar bolsa woy-pikirdin’ shi’n’i’ – yen’ a’biger jetimnin’ de haqi’si’na ko’z alartatug’i’n na’kas adamlardi’ sa’wlelendirgen.

Avtordi’n’ tiykarg’i’ aytajaq woy juwmag’i’ to’rtinshi qatar boli’p, wonda shayi’r wo’zinen keyingi a’wladqa insap-diyanatli’ boli’wdi’ na’siyat yetedi.

Soni’n’ menen birge Ku’nxoja do’retiwshiliginde parallelizmler lirikali’q shi’g’armani’n’ qosi’q quri’li’si’n sho’lkemlestiriwge de qatnasqanli’g’i’n ko’remiz. Woy-pikirlerdin’ parallel rawajlandi’ri’lg’anli’g’i’ qosi’qti’n’ si’rtqi’ formasi’n ta’miyinlewi arqali’ beriliwi shayi’r qosi’qlari’ni’n’ wo’tkirligin ta’miyinlegen.

Alliteraciyali’q parallelizm qosi’q qatarlari’nda birdey dawi’ssi’z seslerdin’ bir-birine parallel qoyi’li’wi’ arqali’ jasaladi’. Mi’sali’:

«Wo’tirik so’zler aytpag’an,
Wo’zin-wo’zi uyaltpag’an».

Bunda «Wo’» sesinin’ ta’kirarlani’p keliwi alliteraciyali’q parallelizmdi payda yetken ha’m i’rg’aqti’n’ bir tegis boli’wi’na yerisilgen.

Anaforali’q parallelizm.

**Birewin’** at mingizip,
Birewin ton jabasan’.[1]

Qatarlardi’n’ basi’ndag’i’ «birewin’» so’zi ta’kirarlani’p keliwi arqali’ anaforali’q parallelizm jasalg’an. Sonday-aq, anaforalardi’n’ izindegi «at mingizip», «ton jabasan’» dizbekleri de ma’nilik jaqtan bir-birine parallel qoyi’li’p su’wretlengen. Usi’ni’n’ wo’zi shayi’r poeiyasi’ndag’i’ anaforali’q parallelizmnin’ sheber qollang’anli’g’i’nan da’rek beredi.

Shayi’r poeziyasi’nda bir qatardag’i’ ha’r bir so’zdin’ bir-birine parallel qoyi’li’wi’, yag’ni’y, ma’nileri bir-birine jaqi’n so’zlerdin’ beriliwi na’tiyjesinde ritorikali’q parallelizm de qollani’lg’an:

Sen de yelmisen’, jurtpi’san’?
Tu’kimesen’, shag’almi’san’?
Ya gurtmi’san’?[2]

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 146-бет
[2] Сонда, 111-бет

Uli'wma shayi'r lirikasi'nda parallelizmlerdin' qosi'qti'n' mazmuni'n, si'rtqi' formasi'n ta'miyinleytug'i'n wo'zine ta'n wo'zgerisleri sheberlik penen qollani'lg'an.

Gradaciya lirikali'q shi'g'armada woy-pikir jelisinin' ku'shli emocionalli'q ta'sirshen'likke iye tu'rde beriwine u'lken xi'zmet atqaradi'. Soni'n' ushi'n da ko'pshilik shayi'rlar lirikali'q qaharmanni'n' emociyalari'n (quwani'w, ku'yiniw, qayg'i'lani'w, g'a'zepleniw h.t.b.) ko'rkem obrazli' tu'rde jetkeriw ushi'n gradaciya usi'li'nan paydalanadi'.

Ku'nxoja lirikalari'ndag'i' gradaciyalar tiykari'nan lirikali'q qaharmanni'n' ishki sezimlerin, ruwhi'y-psixologiyali'q halati'n yele de ku'sheytip su'wretlew ushi'n qollani'lg'an. Mi'sali':

«Ju'zim sarg'i'shlandi' qayg'i'-qapadan,
Wo'kpem ha'm wosi'ldi' jabriw-japadan»
A'rman menen wo'ter boldi'm du'nyadan,
Kelgenimshe g'a'rip annam xosh yendi.[1]

Mi'saldag'i' da'slepki u'sh qatarda berilgen woy-pikir kem-kemnen ku'sheyip baradi'. Lirikali'q qaharman wo'z anasi' menen xoshlasi'w bari'si'ndag'i' da'slep «ju'zim sarg'aydi'» metaforasi' arqali' qayg'i'li' turmi'si'ni'n' aqi'betin jetkeredi. Yekinshi qatarda bul su'wretlew giperbolali'q su'wretlew arqali' (wo'kpem ha'm wosi'ldi' ja'biriw-japadan) wonnan beter ku'sheytiledi. U'shinshi qatarda lirikali'q qaharmanni'n' qayg'i'si', qi'yi'n turmi'si'ni'n' aqi'beti maksimal da'rejege jetedi, yag'ni'y «A'rman menen wo'ter boldi'm du'nyadan», dep yen' aqi'rg'i' u'mitsizlik da'rejesin su'wretleydi. Usi' si'yaqli' gradaciyali'q su'wretlew usi'li' shayi'r poeziyasi'ni'n' tiykari'n quraydi'.

Bizge belgili gradaciyalardi'n' a'debiyattani'w iliminde yeki tu'ri qollani'ladi': 1) Klimaks – yag'ni'y, woy-pikirdin' kem-kemnen, qatarma-qatar ku'sheytilip su'wretleniwi ha'm 2) antiklimaks – woy-pikir jemisinin' kem-kemnen pa'sen'lep su'wretlep beriliwi.

Ku'nxoja poeziyasi'nda klimaks qubi'li'si'ni'n' woy-pikirdi wo'tkirlestiriwde gradaciyani'n' jan'a poetikali'q mazmun menen bayi'ti'wda qollanadi' ha'm bul woni'n' individual jetiskenliginen ha'm ko'rkem izlenislerinen da'rek beredi.

«Wo'lgen bali'q» qosi'g'i'nda bali'qti'n' wo'liwine baylani'sli' su'wretlewde izbe-iz tu'rde ku'sheytip su'wretlep baradi'.

«Miyi ketip shekesinen,
Jatqan yeken ju'resinen,

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 49 -бет

Shanshqi’ tiyip jelkesinen
Wo’lgen yeken usi’ bali’q».[1]

Ku’nxoja lirikasi’nda qollani’lg’an gradaciyalardi’n’ ja’ne bir wo’zgesheligi sonnan ibarat, qosi’qta woy-pikirler qatarma-qatar ha’wijlendirilip berilmesten, bir qatardi’n’ wo’zinde de qubi’li’s yaki halat ku’sheytilip bari’ladi’. Mi’sali’:

Alla bizdi yen’iretip, ji’lati’p,
Saw denemdi tespey zali’m qanatti’,
Qaysi’ yeller, qaysi’ shahlar abatti’,
Qulaq sali’n’ bul so’zime yaranlar.[2]

Mi’salda birinshi qatarda «yen’irenip», «ji’latti’» gradaciyalari’ izbe-iz ku’sheytiliwi menen birge keyingi qatarlarda jag’daydi’n’ aqi’betinin’ yele de jamanlasi’wi’ «saw denemdi tespey zali’m qanatti’» dizbeginde beriledi. Al, u’shinshi qatarda ritorikali’q soraw arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki halati’ su’wretlenedi.

Shayi’r lirikasi’nda antiklimaks usi’li’ da ushi’raydi’.

Ketti ishken asi’p ba’ri uwlani’p,
Woti’rg’anda bala-shag’a shuwlasi’p,
G’amgun boli’p ha’mmeleri ji’lasi’p,
Woti’rg’anda a’rmandaman yaranlar.[3]

Mi’salg’a ali’ng’an qatarlarda aqi’ri’nan baslap joqari’g’a qaray boli’p ji’li’si’p, ha’mmesi shuwlasi’p woti’rg’anda ishken asi’m za’ha’rge aylandi’ degen mazmun payda boladi’. Yag’ni’y, lirikali’q qaharmanni’n’ ishken asi’ uwg’a aylang’anday seziliwinin’ sebebi balalari’ni’n’ anasi’nan ayi’ri’li’p, qi’ynali’p jasawi’. Shayi’r usi’ pikirlerdi beriwde antiklimaks usi’li’nan paydalanadi’, yag’ni’y da’slepki qatarda maksimal da’rejede berilgen pikir shi’n’i’ keyingi qatarlarda pa’seytilip beriledi.

Ku’nxoja lirikasi’nda tiykari’nan gradaciyalar tek g’ana qaharmanni’n’ psixologiyali’q halati’n, yaki avtor niyetin sa’wlelendiriwge qatnasi’p qoymastan personajdi’n’ portretin jasawda da qatnasadi’:

«Kirpiksheshen kibi mennen ji’yi’ri’li’p,
Mi’naw ju’rmen bu’kireyip, iyrilip,
Arqam jawi’r boldi’ qaptan si’yri’li’p,

---

[1]Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960, 134 -бет
[2] Сонда, 34-бет.
[3] Сонда, 39-бет.

So’zimnen bolmasa, ku’shim joq boyda».[1]

Shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharmani’ ja’miyettegi qa’legen qubi’li’slarg’a wo’zinin’ bahasi’n bere aladi’. Wol insanni’n’ jasli’q payi’ti’n, ku’sh-quwatqa tolg’an a’jayi’p ma’writlerin jan’a ten’ewler ha’m mazmunlar menen bayi’ti’p su’wretleydi.

«Biraz ji’l ku’yewlep bari’p ju’rersen’,
Qi’z waqti’nda yen’ ra’ha’tin ko’rersen’,
Uzati’p bir ku’ni ali’p kelersen’,
Atan’ mal bergende jigirma beste».[2]

Lirikali’q personajlardi’n’ jigirma beste shoqli’qlari’ lirikali’q qaharman tilinen kem-kemnen ku’sheytilip beriledi.

Uli’wma shayi’rdi’n’ «Jigirma beste» qosi’g’i’n woqi’p qarasan’, bastan-ayaq lirikali’q personajdi’n’ halati’na, is-ha’reketlerin sa’wlelendiriw ushi’n gradaciyalardan paydalanadi’.

Shayi’r Ku’nxoja lirikasi’nda qollani’lg’an gradaciyalar lirikali’q qaharmanni’n’ ha’r qi’yli’ emocionalli’q halatlari’n ko’rkem tu’rde beriw ushi’n qollani’lg’an. Woni’n’ lirikalari’nda avtor jaratqan lirikali’q qaharman geyde filosof geyde ashi’q, geyde mu’sa’pir, geyde jas, geyde g’arri’g’a aylani’p qalg’an gradaciyalar mazmundi’ sa’wlelendiriwge xi’zmet yetken.

«Ritorikali’q soraw - ko’rkem shi’g’armalarda soraw ga’p tu’rinde quri’lg’an, biraq juwap talap yetilmeytug’i’n sintaksislik usi’l. A’lbette, a’debiyatti’n’ barli’q janrlari’nda ritorikali’q sorawlar jazi’wshi’lar ta’repinen shi’g’armani’n’ ta’sirshen’ligin ideyali’q wo’tkirlikti ku’sheytiw ushi’n jedel qollani’ladi’».[3]

Ku’nxojani’n’ «Nege kerek?», A’jiniyazdi’n’ «Bolurmi’?», Berdaqti’n’ «Kim aytar?» redifli didaktikali’q qosi’qlari’nda bir neshe temag’a quri’lg’an teren’ ritorikali’q sorawlarg’a ken’ ja’ma’a’tke ha’m jeke adamg’a teren’ woy salari’ so’zsiz.

Ku’nxoja won-alti’ shuwmaqtan turatug’i’n «Nege kerek?» qosi’g’i’ni’n’ ha’r bir shuwmag’i’nda turmi’stag’i’ zat ha’m qubi’li’slardi’n’ sapali’q belgilerinin’ jaqsi’ ha’m jaman ta’replerin birin yekinshisine parallel qoyi’p su’wretlew arqali’ wolardi’n’ yen’ ag’la qa’siyetlerin ken’ ja’ma’a’tke ha’m jeke adamg’a sin’diriwdi maqset yetedi. Mi’sali’:

Sayrag’an bu’lbili bolmag’an, ba’rqulla jaynap turmag’an ashi’lg’an gu’ldin’, waqti’nda tasi’p ti’nbag’an aqqan suwlardi’n’ to’besi bultqa tiymegen asqar tawlardi’n’ wo’z waqti’nda jawmag’an qara jamg’i’rdi’n’ joq jerden an’di’ tappag’an qarshi’g’a qusti’n’, qashaq

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Косықлар, Нөкис, 1960, 41-бет.
[2] Сонда, 58-бет.
[3] Ахметов С., Есенов Ш., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 178-бет.

qoyang'a jetpegen qayi'n', tazi'ni'n' bayraqtan wozi'p kelmegen dal bedewdin', anadan arti'q tuwmag'an pasi'q perzenttin', toymay gu'reske tu'spegen qorqaq palwanni'n', ash ha'm toqqa qaramag'an awan basshi'ni'n', xali'qqa a'dil bolmag'an, ji'lag'andi' jubatpag'an taxt iyesinin' tuwri' a'dillik bermegen qa'dqudalardi'n', qayi'ri' ashqa tiymeytug'i'n asa bayli'qti'n', yeldi jawlardan baqpag'an-quri' bati'rdi'n', ata-anasi'n ku'tpegen jaman perzenttin', ku'ndey ku'lip jaynamag'an – quw wo'mirlerdin' nege keregi bar degen didaktikali'q woy-pikirlerge quri'lg'an juwap talap yetpeytug'i'n bir neshe temadag'i' ritorikali'q sorawlardi' wortag'a qoyadi'.

Bul sorawlardan shi'g'atug'i'n juwmaq sonda, sayrag'an bu'lbili bolsa, ishi hawag'a tolsa, ba'rqulla jaynap tursa ashi'lg'an gu'l sonda kerek, sarqi'ri'p suwi' aqsa, waqti'nda tasi'p-tassa yekken yeginler qansa aqqan suwlar sonda kerek, bellerin bekkem buwsa, wo'tken wo'shlerdi quwsa, anadan arti'q tuwsa, jaqsi' perzent sonda kerek h.t.b. Turmi'sta adamzat wo'miri ushi'n wog'ada za'ru'r bolg'an yen' jaqsi' ideyalardi' ritorikali'q sorawlardi'n' ja'rdeminde sheber bergen.

Shayi'rdi'n' «Ku'n qayda?», «Tu'ye yekensen'», «Bolar ma yeken?», «Qashan ko'rermen» qosi'qlari' da lirikali'q qaharmanni'n' ruwxi'y halati'n sa'wlelendiriwde ritorikali'q sorawlarg'a mu'ra'ja'a't yetiliwi menen a'hmiyetli.

Ku'nxoja poeziyasi'ni'n' ko'rkemlik jaqtan yen' bahali' wo'zgesheligi woni'n' teren' xali'qli'q xarakteri boli'p yesaplanadi'. Wo'zinin' xali'qli'q ideyalari'n shayi'r xali'qqa jaqi'n tu'sinikler ha'm formalar menen bayan yetedi. Woni'n' qosi'qlari'nda ha'r bir ideya su'wretleytug'i'n obektleri boyi'nsha g'ana yemes, al su'wretlew usi'llari', tili boyi'nsha da xali'qqa jaqi'n ha'm a'piwayi', so'zleri qi'sqa, sezimleri ku'shli boli'p keledi. Aytqan pikirlerinin' salmag'i'n ku'sheytiw, wo'z pikirlerine tasti'yi'qlawshi'li'q ma'ni beriw ushi'n shayi'r jiyi-jiyi ritorikali'q sorawlardi' qollanadi'.

Jumi'sti' yetsem-de jetpedi qoli'm,
Baxti' ashi'li'p wo'nbey ko'p ju'rgen joli'm,
Qaltamda joq abbaz shayi' bir puli'm,
Bul du'nyag'a shi'qqani'mnan ne payda?

**«Bolar ma yeken?» qosi'g'i'nda:**

Jetti ji'llar ju'rgenlerdi,
Azap-aqi'ret ko'rgenlerdi,
Dushpang'a saray bergenlerdi,

Aytar ku’nler bolar-ma yeken?

Qa’ha’ri jaman g’azaptan,
Quti’li’nbas azaptan,
Mirimi joq insapsi’zdan,
Quti’lar ku’n bolar-ma yeken?[1]

Ko’rip turg’ani’mi’zday shayi’r wo’z zamani’na, yel basshi’lari’na ko’zqaraslari’n wolardan qashan quti’li’w mu’mkinligin ritorikali’q soraw taslap bildiredi.

Uli’wma shayi’r poeziyasi’nda parallelizm, gradaciya ha’m ritorikali’q sorawlar shayi’rdi’n’ ko’rkem du’nyasi’ni’n’ joqari’ da’rejede yekenliginen da’rek beredi.

## 3.2. Ku’nxoja lirikalari’nda mazmundi’ teren’lestiriwde antiteza ha’m inversiyani’n’ a’hmiyeti.

[1] Сонда, 44-бет.

Ku'nxoja poeziyasi' du'nyali'q qubi'li'slarg'a, ja'miyetlik wortali'qqa, filosofiyali'q ha'm didaktikali'q ko'zqaraslari'n beriw sheberligi menen bahali'. Wol usi' ideyalardi'n' beriliwinde stilistikali'q figuralardi'n' birinen yesaplang'an antitezalardan wo'nimli paydalanadi'. Shayi'r poeziyasi'nda antitezalar avtor ideyasi'ni'n' wo'tkirliginin' ku'sheytiwinde, sonday-aq, ko'rkemliktin', emocional ta'sirshen'liktin' ta'miyinleniwinde wo'zgeshe bir usi'l si'pati'nda ko'rinedi. Bul bolsa shayi'rg'a ta'n keskin pikirlilikti ju'zege shi'g'aradi'.

Ku'nxoja wo'z qosi'qlari'nda adamlardi'n' minez-qulqi'n, normalar ha'm ruwxi'y halatlari'nan shi'g'a woti'ri'p, «jaqsi' adam-jaman adam», «ma'rt-na'ma'rt», «dos-dushpan», «dana nadan», «bar-joq», «ash-toq», «shadli'-qayg'i'li'», «bay-jarli'» ha'm tag'i' da basqa qarama-qarsi' sapali'q belgilerdi su'wretleydi.

Ja'miyetlik qubi'li'slardi' ha'm adamlardi'n' is-ha'reketlerin sa'wlelendiriwde «jaz-qi's». «haq-nahaq» ha'm tag'i' basqa antonimlik so'zlerdi kontrasqa tu'siriw arqali' woqi'wshi'da ha'r qi'yli' estetikali'q sezimlerdi payda yetedi. Zat ha'm qubi'li'slardi'n', adamlardi'n' jaqsi', unamli' paydali' ha'm tag'i' da basqa sapali'q belgileri arqali' sezimlerin, unamsi'z qa'siyetleri arqali' jerkenish sezimlerin woyatadi'.

Ku'nxoja shi'g'armalari'nda qollani'lg'an antitezalardi' u'yrene woti'ri'p, wolardi' lingvistikali'q aspekte klassifikaciyalawdi' maqsetke muwapi'q dep tapti'q ha'm bunday antitezalardi' leksikali'q antitezalar, morfologiyali'q antitezalar ha'm sintaksislik antitezalar dep u'shke bo'ldik.

1. **Leksikali'q antitezalar**. Shayi'r poeziyasi'nda leksikali'q antitezalar tiykari'nan basqa shayi'rlardi'n' lirikalari'ndag'i' si'yaqli' yekinshi yaki u'shinshi qatarlarda yemes, al shuwmaqta bir qatarda wori'n ali'w menen a'hmiyetli. Mi'sali':

Ji'yi'li'pti' gu'lla'n baqsi',
Kim jaman, kim jaqsi',
Jasawi'llar boli'p saqshi',
Si'nadi' sonda bizlerdi.[1]

Shayi'rdi'n' «Umi'tpaspan» qosi'g'i'nan ali'ng'an bul mi'salda uli'wma shuwmaqta ayti'lajaq woy-pikir, yag'ni'y Xiywa xanni'n' aldi'na jasawi'llar ta'repinen shaqi'rti'li'p ji'ynalg'an shayi'r ha'm baqsi'lardi'n' kim yekenligi, da'rejesi yekinshi qatardag'i' «jaman» ha'm «jaqsi'» leksikali'q antitezalari' menen ani'qlasti'ri'lg'an. Lirikali'q qaharman wo'zinin' da'wirge, siyasiy ha'm socialli'q turmi'sqa, Xiywa xani'na ha'm woni'n'

---
[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар, Қарақалпақ мэмлекет баспасы. Нөкис, 1960, 84-бет.

jalpi’ldaqlari’na, sonday-aq, shayi’rshi’li’qti’n’ haq joli’na daq tu’sirip, woni’ wo’z maqsetleri hali’nda paydalantug’i’n shayi’rsi’maqlardi’ «jaqsi’», «jaman» so’zlerine sho’lkemlestiriwshi ma’ni ju’klew arqali’ jetkerip beredi.

Ku’nxoja lirikalari’nda leksikali’q antitezalar ko’binese bir qatarda antonim so’zlerdin’ beriliwi arqali’ jasaladi’.

«Son’g’i’ ku’ni keldi gezek,
Jaz ku’nler ha’m boldi’ gu’zek,
Boldi’m sonda jetim go’jek,
Aq betimnin’ qashti’ qani’».[1]

Shayi’r «jaz ku’nleri» ha’m «gu’zek» metaforalari’n bir-birine qarama-qarsi’ ma’niste qollani’w arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki halati’n, ishki du’nyasi’ menen wortali’qti’n’ ta’sirin, wo’zine unamag’an jag’dayda antitezalar ja’rdeminde su’wretleydi.

Sherttim duwtar, aytti’m qosi’q,
Kewilimde qaynap qosi’q,
Tabi’lmadi’ hesh bir **dosli’q**,
Ko’beydi ko’ptin’ **dushpani’**.[2]

Shayi’r dosli’q tu’sinigine «dushpan» so’zin qarama-qarsi’ qoyi’p su’wretlew arqali’ qatarlar arali’q antitezalardi’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’ menen si’rtqi’ du’nya arasi’ndag’i’ sa’ykesleniwin beriwde qollanadi’.

«Bayg’a jaqsi’, **jaman-ashqa**,
Ne qi’laman azi’wli’ni’».[3]

Mi’salg’a ali’ng’an qatarda bay-ash, jaqsi’ jaman antitezalari’ inversiyali’q usi’lda qollani’lg’an.

2) **Morfologiyali’q antitezalar**. Shayi’r ta’repinen qollang’an antitezalar, lirikali’q qaharmanni’n’ xarakterin jarati’wda tiykarg’i’ wori’n iyelegen jag’daylari’ ushi’rasadi’. Mi’sali’:

Baxi’t kelse, razi’ bolayi’n,
Kelmese baq, bul ju’rgennen solayi’n,
Wo’zimnen u’lkennin’ tilin alayi’n,
Aqli’kamal aqi’li’m az yaranlar.[4]

---

[1] Сонда 85-бет.
[2] Сонда, 85-бет.
[3] Сонда, 65-бет.
[4] Сонда, 40-бет.

Qosi’q shuwmag’i’ni’n’ aqi’rg’i’ qatari’nda wori’n alg’an «aqli’kamal» so’zi aqi’lli’, jetilisken, ka’mil insang’a beriletug’i’n si’pat. Al, shayi’r sonday sheber ta’rizde wog’an qarama-qarsi’ «aqi’li’m az» so’z dizbegin (sintaksislik antiteza) qoyi’w arqali’ morfologiyali’q ha’m sintaksislik antitezalardi’ birlestiredi ha’m ja’ne de wolardi’ bir qatardi’n’ wo’zinde qollani’w arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ xarakterin jaratadi’. Yag’ni’y, wol lirikali’q qaharman wo’zi jeterli da’rejede aqi’lli’, woqi’g’an, ta’rbiyali’. Lekin, woni’n’ bul woqi’mi’sli’li’g’i’ sol da’wirde, sol payi’tta wog’an hesh qanday payda keltirmeydi. Woni’n’ aqi’li’ ka’millinin’ hesh qanday paydasi’ joq. Yag’ni’y, a’tirapi’ndag’i’lar woni’ qa’dirlew, bahalaw da’rejesine iye yemes. Sonli’qtan, lirikali’q qaharmang’a basqalar (epitet) ta’repinen berilgen «aqi’li’ az» bahasi’nda wol wo’zin ayawsi’z kritikalaw arqali’, qori’qpastan beredi. Shayi’r lirikali’q qaharmani’na bergen bul baha woni’n’ adamgershilik si’pati’n kemistip turg’an joq. kerisishe woni’ u’stem ta’repin teren’ tu’singen, du’nyani’ an’lag’an adam, filosofiya si’pati’nda bahalawg’a mu’mkinshilik tuwdi’ri’p tur.

**Sintaksislik antitezalar**. Shayi’r poeziyasi’nda sintaksislik antitezalar so’z dizbegi, inversiyag’a ushi’rag’an ga’plik konstrukciyalardi’n’ ma’nilerinin’ qarama-qarsi’ qoyi’li’wi’ arqali’ qollani’lg’ani’n ko’remiz.

«Qosi’li’si’p qushaqlari’n ashqanda,
Dushpani’na uwli’ za’ha’r shashqanda,
Zali’mlardan ayra tu’sip qashqanda,
Ada bolmas isler boldi’ na’yleyin».[1]

Qosi’q qatarlari’nda sintaksislik antitezalar juwmaqlang’an woy-pikirdi sa’wlelendiriwshi ga’plik konstrukciya negizinde berilip, birinshi qatardag’i’ quwani’shti’, sag’i’ni’shti’, bir-birewge jetisiwdi an’latqan ga’p yekinshi qatarda «dushpani’na uwli’ za’ha’r shashqanda» ga’lik konstruciyasi’ mazmuni’na qarama-qarsi’ mazmung’a iye boli’p tur. Shayi’rdi’n’ sheberligi sonda bir-birine qarama-qarsi’ mazmun ha’m tu’siniklerdi lirikali’q qaharmanni’n’ xarakterin jarati’wda qollang’an.

Usi’ si’yaqli’ leksikali’q, morfologiyali’q, sintaksislik antitezalar Ku’nxoja lirikalari’nda tek g’ana qosi’qti’n’ mazmuni’n yemes, si’rtqi’ formasi’n sho’lkemlestiriwgede qatnasadi’.

Bunnan basqa da antitezalar a’debiyattani’w iliminde mazmung’a ta’sir yetiw jag’i’nan wolardi’n’ jasali’w usi’li’na qaray da klassifikaciyalanatug’i’ni’ ma’lim.

[1] [1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис, 1960, 70-бет

1. Antonimler arqali’ antiteza usi’li’ni’n’ jasali’wi’. Ku’nxoja poeziyasi’nda antonim so’zler arqali’ antiteza usi’li’ni’n’ jasali’wi’ ko’plep ushi’rasadi’.

«Xali’qti’n’ ari’n arlamasa,
**Bari’-jog’i’n** barlamasa,
**Ash** ha’m **toqqa** qaramasa,
Awan basshi’ nege kerek?».[1]

2. Qarama-qarsi’ tu’sinikler arqali’ su’wretlengen antitezalar:

«A’rman menen **ya wo’termen, wo’tpespen**,
Wo’lsem de xorli’qti’ umi’ti’p ketpespen».[2]

Lirikali’q qaharman bul du’nyadan shadli’ a’rmanda wo’tetug’i’n, yaki aldi’nda jari’q ku’nlerdin’ keletug’i’ni’n boljap, itimalli’ tu’rde bul tu’siniklerdi qollanadi’.

Sonday-aq shayi’r poeziyasi’nda ha’r tu’rli so’z shaqaplari’nan jasalg’an antitezalar ushi’rasadi’.

1. Kelbetliktin’ qosi’mtali’ tu’rinen ha’m tan’laq+kelbetlik jasalg’an antitezalar.

«A’rmanli’ adamni’n’ ren’i joq bolar,
A’rmansi’z quwani’shli’ ha’m de shoq bolar».[3]

2. Ko’mekshi atawi’shlardan jasalg’an antitezalar.

Aldi’-arti’na qaramag’an.

3. Substantivlesken kelbetlik ha’m kelbetliklerden jasalg’an antitezalar:

Bayg’a-jaqsi’, jaman-ashqa,
Ne qi’laman azi’wli’ni’?[4]

Antitezalardi’n’ usi’nday quramali’ u’lgilerin ushi’rati’wg’a boladi’. Demek, ha’r birinin’ qollani’w halatlari’ shi’g’arma mazmuni’n bayi’ti’wda belgili.

Ku’nxoja poeziyasi’nda inversiyalar da qosi’qti’n’ ta’sirshen’ligin artti’ri’wda, lirikali’q qaharmanni’n’ sezimlerin yele de teren’lestirip beriwde wo’nimli qollani’lg’an. İnversiyani’n’ uli’wma tu’rkiy xali’qlarg’a wortaq bolg’an sintaksislik inversiyalari’ ken’ qollang’anli’g’i’n ko’remiz. Shayi’r poeziyasi’nda sintaksislik inversiyalardi’n’ qosi’q ishki kompoziciyasi’na muwapi’q jaylasti’ri’li’wi’na baylani’sli’ bir neshe tu’rlerin ushi’rati’wi’mi’zg’a boladi’.

Qosi’qti’n’ ba’ntlik du’zilisinde qollanatug’i’n sintaksislik inversiyalar bir qatardi’n’ inversiyag’a ushi’rawi’, u’sh qatardi’n’ inversiyag’a ushi’rawi’, bir ba’nttin’ toli’q

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис, 1960, 96-бет
[2] Сонда, 100- бет.
[3] Сонда, 105-бет.
[4] Сонда, 65-бет.

inversiyag'a ushi'rawi', jup qatarlardi'n' inversiyag'a ushi'rawi' negizinde Ku'nxoja poeziyasi'nda ushi'rasadi'.

U'sh qatarli' inversiyalar. Shayi'r poeziyasi'nda ba'nttegi qa'legen u'sh qatardag'i' ga'ptin' inversiyag'a ushi'rawi'nan payda boladi'. Mi'sali':

So'zimdi ti'n'lan' halayi'q,
Usi'ma bizge i'layi'q,
Wortag'a so'zdi salayi'q,
A'rman menen jari'madi'm.[1]

Bunda da'slepki u'sh qatardag'i' ga'p ag'zalari' wo'z wori'n ta'rtibin wo'zgertiw arqali' inversiya payda bolg'an. Yeger inversiyasi'z, qosi'q qatari'n a'piwayi' jay ga'p tu'rinde jayi'p taslaytug'i'n bolsaq, to'mendegidey, ta'siri to'men qatarlar payda boladi': «Xalayi'q so'zimdi ti'n'lan', Bizge usi' i'layi'q pa, so'zdi wortag'a salayi'q: Al, shayi'r qosi'qta birinshi qatarda qaratpa ag'zali' ga'pti aqi'ri'na shi'g'ari'w arqali', yekinshi qatarda bolsa, «bizge» toli'qlawi'shi'n wortag'a, al «usi'» almasi'g'i'n soraw janapayi' menen qatar qollani'p, ga'p basi'na shi'g'ari'w arqali', u'shinshi qatarda ma'ni tuwra toli'qlawi'shti' wortag'a, al qi'ya toli'qlawi'shti' qatar basi'na shi'g'ari'p, yekewinin' worni'n almasti'ri'w arqali' qosi'qti'n' ta'sirshen'ligine yerisken.

Jetpey tapqani'm juti'mg'a,
Qami'sti' jaqti'm woti'ng'a,

Tu'wesilmes bul hali'ma,
Rawa boli'p jari'madi'm.[2]

Bul mi'saldag'i' da'slepki u'sh qatarda da bayanlawi'shlardi' qatar basi'na, bayanlawi'shlardi' wortag'a qoyi'w arqali' ku'shli inversiyali'q, i'rg'aqli'q ta'sirshen'ligin payda yetkenligin ko'remiz.

Yeki qatarli' inversiyalar. Ba'nttegi tek yeki qatardag'i' ga'p ag'zalari'ni'n' wori'n ta'rtibinin' wo'zgeriske ushi'rap qollani'li'wi' arqali' jasalatug'i'n inversiyalar.

Yettim sabi'r haq isine,
Untaldi'm azi'w tisime,
Zali'm mo'himnin' isine,
Wo'zim wo'lmey dari'madi'm.[3]

---

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис, 1960, 102-бет
[2] [2] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис, 1960, 103-бет
[3] Сонда, 102-бет.

Mi’salda da’slepki yeki qatarda bayanlawi’shlar qatar basi’na shi’g’ari’li’wi’ arqali’ qosi’q wo’zgeshe woqi’li’w intonaciyasi’n payda yetedi.

Bir qatarli’q sintaksislik inversiyalar. Ku’nxoja woy-pikirdi beriwde atawi’sh so’zlerden ga’p basi’nda qosi’q tekstinde ko’birek paydalani’p, feyil so’zlerdi uli’wma sho’lkemlestiriwshilik noqat si’pati’nda qatar basi’nda bir wori’nda qollani’w jag’daylari’ ushi’rasadi’:

1. Men wo’zim haqti’n’ quli’man,
Doslardi’n’ su’ygen uli’man,
Hesh na’rse kelmes qoli’mnan,
Kelse bir is qi’lar yedim.

2. Bolmadi’ sorli’da pari’q,
Ayag’i’nda jaman jari’q,
Asti’mdag’i’ ati’m ari’q,
Ko’likke de jari’madi’m.[1]

Bul mi’sallardag’i’ tek bir qatarda g’ana inversiyag’a ushi’rag’an qatarlardi’ ko’remiz. Birinshi mi’saldi’ u’shinshi qatardag’i’ «qoli’mnan» toli’qlawi’shi’ ga’p aqi’ri’na, «kelmes» hal feyili ga’p wortasi’nda almasi’p qollani’wi’ na’tiyjesinde, al, yekinshi mi’salda bolsa, birinshi qatardag’i’ bayanlawi’shi’ni’n’ qatar basi’na keltiriwi arqali’, toli’qlawi’shti’n’ wortag’a, baslawi’shti’n’ qatar aqi’ri’na almasi’p qollani’li’wi’ na’tiyjesinde bir ba’ntte tek bir qatarda g’ana inversiyalar jasalg’an. Biraq, usi’ qatardag’i’ inversiyalar ba’nttin’ basqa qatarlari’ndag’i’ mazmundi’ bir worayg’a ja’mlep, lirikali’q shi’g’armani’n’ awhali’n ko’rkem tu’rde ishki woylani’wlari’, yekileniwi tiykari’nda jetkerip beriwge xi’zmet yetkenliginin’ gu’wasi’ bolami’z.

To’rt qatarli’q sintaksislik inversiyalar.

Ku’nxoja poeziyasi’nda to’rt qatardi’n’ ha’r birinde inversiyag’a ushi’rap qollani’w wo’zgesheligi shayi’rdi’n’ ko’rkemlik izlenislerinen da’rek beredi.

«Shi’qqan shari’qlap aspang’a,
Urg’an tayi’nbay dushpang’a,
İshin tolti’ri’p pushpang’a,
Ma’rt g’ayratlar kerek mag’an».[2]

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис, 1960, 103-бет
[2] 121-122-бетлер

Mi’salg’a ali’ng’an qosi’q qaharmanlari’nda inversiyag’a ushi’rag’an so’zler (bayanlawi’shlar) qollani’w worni’na qaray u’sh qatarda birdey du’zilisinen wo’zgeshelik penen qollani’lg’an. To’rtinshi qatarda feyil (bayanlawi’sh) bolmag’anli’g’i’ sebepli, atawi’sh bayanlawi’shi’ «kerek» so’zi «mag’an» toli’qlawi’shti’n’ aldi’na shi’g’i’wi’ arqali’ wo’zgeshelengen.

İnversiyalar qosi’qti’n’ si’rtqi’ formasi’n, yag’ni’y, i’rg’aq ha’m uyqasti’ ta’miyinlewde de shayi’r poeziyasi’nda ken’nen qollani’ladi’. Mi’sali’:

Bala-shag’am bolsa, ha’mmeleri jas,
Kiyerge kiyimi joq, bolsa jalan’ash,
Satarg’a mali’n’ joq ha’m de bolsan’ ash,
Wolarg’a tamaqti’ qaydan beresen’.[1]

Mi’saldag’i’ da’slepki u’sh qatardag’i’ «jas», jalan’ash, «ash» so’zlerindegi uyqasti’ri’wshi’ so’z ha’m buwi’nlar inversiyag’a ushi’rap qatar aqi’ri’nda qollani’w arqali’ uyqasti’ payda yetken ha’m soni’n’ saldari’nan, qosi’q woqi’lg’anda bir tegis intonaciya menen woqi’ladi’.

Qol sozi’p ushqan quslarg’a,
Salqi’n tu’sip jazlarg’a,
Ilaq taslaydi’ qi’zlarg’a,
Kewli wo’sip bay balasi’.[2]

Bul mi’salda to’rt qatar da inversiyag’a ushi’rag’an. Biraq, da’slepki u’sh qatardag’i’ qatar aqi’ri’ndag’i’ bari’s sepligindegi atli’qlar uyqasti’ ta’miynlegen, al qatar basi’ndag’i’ inversiyag’a ushi’rag’an hal feyili, ani’qli’q meyiller tiykari’nan intonaciyali’q ta’sirshen’likti payda yetken. Demek, shayi’r poeziyasi’nda inversiyalarda tek baslawi’sh ha’m bayanlawi’sh, yag’ni’y, ga’ptin’ bas ag’zalari’ g’ana wori’n ta’rtibinde berilip qollani’p qoymastan, al yekinshi da’rejeli ag’zalarda inversiyag’a ushi’raydi’. Shayi’rdi’n’ inversiyani’ bulay qollani’wi’, woni’n’ uyqas tan’lawdag’i’ sheberliklerinen da’rek beredi.

Qullasi’, Ku’nxoja poeziyasi’nda inversiya qosi’qti’n’ mazmuni’n sho’lkemlestiriwge, ta’sirshen’ligin artti’ri’wg’a xi’zmet yetilip qoymastan, woni’n’ i’rg’aq, uyqas birliklerinin’ na’tiyjesinde sho’lkemlesetug’i’n kompoziciyali’q pu’tinligin ta’miyinlewge de xi’zmet yetetug’i’ni’ ma’lim boldi’. Al, wolardi’n’ qosi’qti’n’ 1-2 qatarlari’nan, geyde 3-4-qatarlari’nda sonday-aq tutas shuwmaqlarda da ushi’rag’an halatlari’n ko’rip shi’qti’q.

[1] Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар, Қарақалпақ мәмлекет баспасы. Нөкис, 1960, 77-бет
[2] Сонда, 76-бет.

**Juwmaq**

XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetlerin izertlegen ali’m Q.Ja’rimbetov bul da’wir a’debiyati’ haqqi’nda bi’lay degen yedi. «Ha’zirgi da’wirge shekem qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’, soni’n’ ishinde klassikali’q lirikasi’ ha’r qi’yli’ aspektlerde izertlendi ha’m izertlenilmekte. Yen’ basli’si’ wol poeziya, a’debiyat miyras bag’dari’nda jemisli izertlendi. Atap aytqanda, birinshi da’rekler ji’ynaldi’, ko’rkem tekstler baspadan shi’g’ari’ldi’, wolar tekstologiyali’q ha’m tariyxi’y-filosofiyali’q islewden wo’tip xronologiyali’q ta’rtipke sali’ndi’»[1] - dep wori’nli’ aytqani’nday, shi’ni’nda da Ku’nxoja İbrayi’m uli’ do’retiwshiligi de sol bag’darda u’yrenilip kelindi. Sonli’qtan, bizin’ bul magistrlik dissertaciyami’z wolardan pu’tkilley basqasha boli’p shayi’r shi’g’armalari’na jan’asha qatnas jasap u’yreniw, izertlew arqali’ to’mendegishe juwmaqlarg’a keldik:

1. Ha’r qanday talant iyesi wo’z da’wirinin’ turmi’s shi’nli’g’i’n sa’wlelendiriw wo’zgesheligine qaray bahalani’lsa, bul ta’repinen Ku’nxoja İbrayi’m uli’ da wo’z gezeginde xalqi’mi’zdi’n’ milliy turmi’si’n, wo’tmishtegi qi’yi’n jag’daylari’n real su’wretlep ko’rkem boyawlar menen jetkergen talant iyesi.

2. Ku’nxoja İbrayi’m uli’ni’n’ wo’miri ha’m do’retpeleri boyi’nsha da’slepki ilimiy maqalalar XX a’sirdin’ 50-ji’llari’-aq baspaso’zde ja’riyalanadi’. N.Da’wqaraev, Q.Ayi’mbetov, O.Kojurov, İ.Sag’i’ytov, B.İsmaylov h.t.b. ta’repinen na’tiyjede , monografiyali’q bag’darda ko’lemli izertlew jari’qqa shi’qti’. (B.İsmaylov «Ku’nxojani’n’ wo’miri ha’m tvorchestvosi’» No’kis 1961).

3. Son’g’i’ da’wirlerde shayi’r do’retiwshiligi ha’r qi’yli’ a’debiy aspektlerden ti’sqari’ filosofiyali’q pedagogikali’q bag’darlarda u’yrenildi. Wolar shayi’r do’retiwshiligin u’yreniwge qosi’lg’an u’les boli’p yesaplanadi’.

4. Bul magistrlik dissertaciya jumi’si’mi’zda bolsa, Ku’nxoja lirikalari’ni’n’ poetikasi’n u’yreniwge birinshi ret izertlew jumi’si’ ju’rgizildi ha’m to’mendegi wazi’ypalardi’ sheshiwge ha’reket yetildi.

5. Ku’nxoja lirikasi’nda ko’rkemlew qurallari’ ha’m usi’llari’n u’yreniwde da’slep teoriyali’q pikirlerge su’yengen halda qatnas jasaldi’.

---

[1] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004, 3-бет.

Ku'nxoja shi'g'armalari'nda ko'rkemlew qurallari'ni'n' mazmuni'n bayi'ti'wda a'hmiyeti ashi'p berildi. Wolar ko'rkem su'wretlewde troplar mi'sali'nda da'lillenedi. Wolar metafora, metonimiya, sinekdoxa, allegoriya, simvollar. Metaforalardi' qollani'w bari'si'nda wo'zinshelikleri (ta'biyat ko'rinislerine adamg'a ta'n si'patlardi' ko'shiriw arqali', jansi'z zatlardi', abstrakt tu'siniklerdi h.t.b.) atap wo'tildi. Metonimiyalardi'n' da bir neshe tu'rlerinin' qollani'w halatlari' A'jiniyaz, Berdaq shi'g'armalari' menen sali'sti'ri'li'p wo'tildi.

6. Shayi'r lirikalari'nda epitet ha'm ten'ewlerdin' de wo'zinshe sheberlik penen qollana ali'w ta'repleri ashi'p berildi.

Ren'di bildiriwshi, adamni'n' psixologiyali'q halatlari'n, haywanat ha'm qubi'li'slarg'a baylani'sli' epitetlerdin' ha'r qi'yli' mazmunda isletiliwi, ten'ewlerdin' de stillik sheberlikler menen qollani'lg'ani' da'liyllenildi.

7. Ko'rkemlew qurallari'ni'n' ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' wo'zgesheligi ani'qlani'p troplar tiykari'nan obrazli' su'wretlew qurali' bolsa, figuralar (su'wretlew usi'llari') lirikali'q mazmundi' ku'sheytiwge qatnasi'wshi' ko'rkem so'zlerdi qa'ytip qollani'w sapasi'nda ko'rinetug'i'ni' mi'sallar menen ko'rsetildi.

8. Ku'nxoja shi'g'armalari'nda ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' mazmun ha'm formani' sho'lkemlestiriwdegi a'hmiyetine toqtali'p, wolar wo'z aldi'na parallelizm ha'm gradaciyalardi'n' qollani'li'wi' menen ashi'p beriledi.

9. Mazmundi' teren'lestiriwde shayi'rdi'n' ko'birek di'qqat bo'lgen antiteza ha'm inversiyalardi'n' qollani'li'w ma'seleleri u'yrenildi.

Sebebi, bu'gingi ku'nge shekemgi ko'pshilik miynetlerde, ayri'm maqalalarda shayi'r lirikalari'nda ko'rkemlew qurallari'ni'n' ayri'm tu'rleri g'ana u'yrenilip, ol usi'llar ele u'yrenilmey turg'ani'n an'ladi'q.

10. Ku'nxoja qaraqalpaq xalqi'ni'n' belgili klassik shayi'ri'. Woni'n' lirikasi'nda ko'rkemlew qurallari' ha'm usi'llari'n u'yreniwde u'lken ma'sele. Lekin, biz bul magistrlik dissertaciyami'zda wolardi' toli'q u'yrenip shi'qti'q degennen awlaqpi'z. Yele shayi'r lirikasi'ni'n' poetikasi'n u'yreniwde ko'plegen izertlewler talap yetip turg'an ta'repleri ko'p. Al, bizin' jumi'si'mi'z keleshekte qaraqalpaq a'debiyati' poetikasi'n u'yreniwge azi'-kem u'les boladi' degen u'mittemiz.

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi**


1. Каримов И.А. Баркамол авлод арзуси. Тошкент, Шарқ, 1999.
2. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият жеңилмес күш. Тошкент, 2008.
3. Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение, Москва, Просвещение, 1979.
4. Ахметов С. Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги. Нөкис, Қарақалпақстан, 1972.
5. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў, Нөкис, Қарақалпақстан, 1987.
6. Байниязов Қ. Қосықтың күши. Нөкис, Қарақалпақстан 1977.
7. Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. Нөкис, «Билим», 1999.
8. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, Ўқитувчи, 2000 й.
9. Бердақ. Таңламалы шығармалары. Нөкис, Қарақалпақстан, 1987.
10. Гаррыев Б.Г. Магтымгулы. Ашгабат, Ылым, 1975.
11. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим» 1997.
12. Дәўқараев Н. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. Нөкис, Қарақалпақстан, 1979.
13. Жамал Камал. Лирик шъерият. Тошкент, «Фан», 1986.
14. Жапақов Н. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1972.
15. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004.
16. Иззат Султан. Адабиёт назарияси. Тошкент, Ўқитувчи, 1980.

17. Исмайлов Б. Күнхожаның өмири ҳәм творчествосы. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1961.
18. История каракалпакской литературы. Тошкент, Фан, 1994.
19. Күнхожа Ибрайым улы. Қосықлар. Нөкис, 1960.
20. Күнхожа «Ел менен». Нөкис, Қарақалпақстан, 1989.
21. Каримов А. Жийен жыраў өмири ҳәм творчествосы. Нөкис, 1963.
22. Қабдолов З. Сөз өнери. Алматы, Мектеп, 1982.
23. Камалов Қ. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы. Нөкис, Қарақалпақстан, 1988.
24. Кәримов Ә. Әдебиятымыздың гейпара мәселелери. Нөкис, Қарақалпақстан, 1988.
25. Қурбанбаев К. Кеўил кеўилден суў ишер. Нөкис, Қарақалпақстан, 1991.
26. Квятковский А. Поэтический словарь. Москва, Советское энциклопедия, 1966.
27. Мақсетов Қ. Фольклор ҳәм әдебият. Нөкис, Қарақалпақстан, 1975.
28. Маллаев Н.М. Ўзбек адабиёти тарихи. Тошкент, 1979.
29. Матекеев С. Өтештиң шайырлық шеберлиги. Нөкис, Қарақалпақстан, 2009.
30. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, Билим, 1995.
31. Мәмбетов К. Әжинияз. Нөкис, Билим, 1994.
32. Муратбаев Қ. Қарақалпақ поэзиясының қосық қурылысы. Нөкис, 1977.
33. Муртазаев А. Шайырдың муҳаббаты. Нөкис, Қарақалпақстан, 1988.
34. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, Билим, 2004.
35. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, Билим, 1996.
36. Сағыйтов И.  Саҳра бүлбили. Нөкис, Қарақалпақстан, 1978.
37. Селиванов Ф.М. Поэтика былин. Москва, Изд. МГУ, 1977.
38. Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. Москва, 1976.
39. Турдыбаев Қ. Дидактикалық шығармалар – руўхый байлығымыз. Нөкис, Билим, 2009.
40. Худайбергенов К. Мировозрение Бердаха. Нукус, Каракалпакстан, 1987.
41. Худайбергенов К. Лирика ҳәм өмир. Нөкис, Қарақалпақстан, 1971.

## Jumi’sti’n’ oprobaciyasi’

Jumi’s Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ ha’m folklori’ kafedrasi’nda wori’nlandi’. Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ mazmuni’ boyi’nsha yeki maqala ja’riyalandi’.

1. «Ku’nxoja lirikalari’nda metaforalardan paydalani’w wo’zgeshelikleri» QMU Magistrantlardi’n’ ilimiy-miynetleri toplami’. 108-bet.

2. «Ku’nxoja shi’g’armalari’nda ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ qollani’li’wi’». «Ustaz joli’» gazetasi’, 7-iyun №26 (727), 5-bet.